2. Secara kelembagaan, kajian terhadap Padepokan Tjipta Boedaja, menunjukkan bahwa formalisasi padepokan tidak perlu dilakukan. Perlu adanya inovasi dari pemerintah dalam upaya meningkatkan peran pemerintah bagi pengembangan padepokan dan sanggar yang masih bersifat informal. Misalnya, pemberian bantuan bagi padepokan

dan sanggar yang masih bersifat informal ini perlu dipikirkan mekanismenya, dengan tetap mengedepankan akuntabilitas.

3. Bagi Padepokan Tjipta Boedaja, dokumentasi segala kegiatan padepokan perlu lebih ditingkatkan. Keterlibatan pihak lain dalam proses dokumentasi diperlukan tetapi hak atas dokumentasi hendaknya tetap di tangan Padepokan. Hal ini penting mengingat karya seni padepokan adalah karya seni yang penuh dengan inovasi dan sarat dengan nilai-nilai luhur atas ajaran moral.

DAFTAR PUSTAKA

- Baedhowi.2010. *“Dinamisasi ‘Ruang Antara’ Praktik Kosmologi dan ‘Sufisme’ dalam Kesenian: Sebuah Model Kearifan Lokal Komunitas Budaza Lereng Merapi.* Banjarmasin: Annual Conference on Islamic Studies (ACIS) Ke-10.
- Budiyanto, Mangun.,dkk.2008. *Pergulatan Agama dan Budaya: Pola Hubungan Islam dan Budaya Lokal di Masyarakat Tutup Ngisor, Lereng Merapi, Magelang Jawa Tengah.* Jurnal Penelitian Agama Vol.XVII, No.3 September-Desember 2008.
- Deflem, Mathieu.1991. *Ritual, Anti-Structure, And Religion: A Discussion of Victor Turner’s Processual Symbolic Analysis.*Purdue University: Published in Journal for the Scientific Study of Religion.
- Larasati, Theresia Ani. 2008. *Pendekatan Kesenian: Sebuah Model Pembentukan dan Pengembangan kepercayaan Diri Remaja dalam PATRAWIDYA* Vol.9, No.2, Juni 2008, Yogyakarta: Balai Pelestarian Sejarah dan Nilai Tradisional (halaman 467-504).
- 2011 *Komunitas Kesenian Dusun Tutup Ngisor Sebagai Wahana Pendidikan*

Budaya Untuk Membentuk Kepercayaan Diri dalam JANTRA Vol. Vi, No.12, Desember 2011, Yogyakarta: Balai Pelestarian Sejarah dan Nilai Tradisional (halaman 236-243).

Mujib, Ibnu. 2010. *"Islam Lokal": Perspektif Historis dan Politik. Memahami Narasi Islam Aceh dalam Konstruksi Kebudayaan Global*. Annual Conference on Islamic Studies (ACIS) Ke-10

Olaveson, Tim. 2001. *Collective Effervescence and Communitas: Processual Models of Ritual and Society in Emile Durkheim and Victor Turner*. Nederlands: Kluwer Academic Publishers.

Olthof, W.L. 1941. *Babad Tanah Jawi*. Yogyakarta: Narasi.

Pedregal, Antonio Miguel Noques, Dr. *The Ritual As a Process*. Miquel Hernandez University.

Pradaning, Eka. 2012. *Narayana (Tunas-Tunas Bangsa di Negeri Mandura)*. Naskah Pementasan.

Primbon Gendhing Umbul Donga. *Isi Gendhing Jawi Kina Asli*. Surakarta: Percetakan Cendrawasih

Sharing Ocean Mountain Arts. Vicinity of Borobudur Temple, Magelang, Central Java, Indonesia 20-29 April 2012. [Http://srawungsenisegaragung.wordpress.com](http://srawungsenisegaragung.wordpress.com)

Spagnola, Mary., PhD; Barbara H. Fiese, PhD. 2007. *Family Routines and Rituals A Contexts for Development in the Lives of Young Children. Infant and Young Children*. Vol.20. No.4., pp.284-299.

Suparyo, Yossy. *Kepewartaan Warga*. <http://kombinasi.net>

Turner, Victor. 1977. *Process, System and Symbol : A New Anthropological Synthesis*. Daedalus, Vol.106.No.3, Discoveries and Interpretations: Studies in Contemporary Scholarship, Volume 1 (Summer, 1977) pp.61-80.

Turner, Victor. 1979. *Frame, Flow and Reflection: Ritual and Drama as Public Liminality*. Japanese Journal of Religious Studies 6/4 Desember 1979.

Turner, Victor., 1987. *The Anthropology of Performance*. New York: PAJ Publications


- Turner, Victor. 1969. *The Ritual Process. Structure and Anti-Structure*. New York: Aldine De Gruyter.
- Undang-Undang Nomer 20 Tahun 2003 Tentang Sistem Pendidikan Nasional
- Werts, Julia Kim, ed..2006. *Visualizing Rituals: Critical Analysis of Arts and Rituals Practise*. Newcastle: Cambridge Scholars Press.
- Winangun, Y.W. Wartaya, 1990. *Masyarakat Bebas Struktur, Liminalitas dan Komunitas Menurut Victor Turner*. Yogyakarta: Penerbit Kanisius
- Zoetmulder, P. J. 1995. *Kamus Jawa Kuna-Indonesia*. Jakarta: Dramedia Pustaka Utama.





DAFTAR INFORMAN





NO	NAMA	UMUR	PENDIDIKAN	ALAMAT
1	Sitras Anjilin	53 tahun	Tidak tamat SD	Tutup Ngisor
2	Widodo	40 tahun	SMA	Diwak
3	Prasetyadi Wibowo	37 tahun	SMA	Diwak
4	Desta	25 tahun	SMA	Diwak
5	Wibowo	25 tahun	SMA	Diwak
6	Untung Pribadi	25 tahun	SMA	Sumber
7	Slamet Riyadi	50 tahun	SD	Ngargotantra
8	Bu Widji	60 tahun	Tidak sekolah	Tutup Ngisor
9	Agustinus Haryadi	40 tahun	SMA	Ngentak
10	Damirih	83 tahun	Tidak tamat SD	Tutup Ngisor
11	Marmuja	35 tahun	SMA	Tutup Ngisor
12	Bambang Tri Santoso	56 tahun	SD	Tutup Ngisor
13	Dartosari	87 tahun	Tidak tamat SD	Tutup Ngisor
14	Sarwoto	58 tahun	SD	Tutup Ngisor
15	Tritanto	32 tahun	SMP	Gumuk
16	Martejo	30 tahun	SMA	Tutup Ngisor
17	Widya Sumpena	28 tahun	SMA	Tutup Ngisor
18	Cipto Miharso	74 tahun	SD	Tutup Ngisor
19	Daryono	55 tahun	SD	Tutup Ngisor
20	Sulastri	50 tahun	SD	Tutup Ngisor
21	Eka Pradaning	40 tahun	S1 kesenian	Candi Mulya
22	Wida	13 tahun	Belum tamat SMP	Plambongan
23	Enggar	13 tahun	Belum tamat SMP	Kalibening
24	Shinta	12 tahun	Belum tamat SMP	Tutup Ngisor
25	Danang	20 tahun	Belum tamat SMK	Tutup Ngisor
26	Danuri	83 tahun	Tidak tamat SD	Tutup Ngisor
27	Anto	43 tahun	SMA	Pasar Soka
28	Salim	65 tahun	SD	Diwak
29	Teguh	48 tahun	SD	Tutup Ngisor





LAMPIRAN





A. Silsilah Romo Yoso














B. Naskah-naskah pertunjukkan Padepokan Tjipta Boedaja

CARIOS AMARTA BINAGUN

Wana marta

Paraga : Patih Handakawana : PtiH Handaka semeru
 : Patih Gagak bongkol : Podang binorehan
 : Kuntul wiranten : Dandangminangsi
 : Celengdemalung Lan para wadya jin setan.

Antawecana

Handakawana : Heh norasamengkota patih Handaka Semeru lan para wadyabala mrentani, dinaiki aku kadawuhan budalake kabeh para wadyabala awit mudi dawue gustimu ing amarta menawa dina samengko wana marta bakal katekan mungsuh, kang bakal ngrusak tataning wanamarta.

- Hdk smeru : Weladalah lajeng mungsuh saking pundi ingkang bade dateng menika kiraka patih.
- Gg bongkol : Nuwun inggih gusti ,mengsah menika bangsaning kajiman menapa manungsa?
- Handakawana : Akudewe durung mangerti,mungsuh seka ngendi lan bangsane apa, nanging sing baku pada siaga ing ayuda samangsa-mangsa mungsuh tumeka ora nguciwani.
- Hdk semeru : nuwun inggih sendika kiraka patih, kula tansah siaga.
- Ggk bongkol : Nadyan kula sagah mapakaken mungsuh ingkang bade dateng gusti.
- Hadakawana : Mula tatanen barisaning wdyabala, nganggo upacara kaprajuritan pajang pasisiran, gagakbongkol kang tak dawuhi minangka manggalaning wadya.
- Ggk bongkol : ngestaaken dawuh kepareng medal-jawi mranata para wadyabala gusti.
- Handakawana : Hiya inggal natapa bende tengaraning budalan tambur slompret aja nguciwani.

ADA-ADA BUDALAN

- Mundursang rekyana patih,
 Undanging wadyabalakuswa.
 Kangsamya sawega,
 Umyung swaraning bende beri
 Gurbargurnang kulawan poksor tambur myang salompret
 Pepandean daludat, mowah kakandawarnawarna pinda jalanedean
 Asri kawuryan.
- Ggk bongkol : heh para wadyabala mrentani,dinaiki nedya pajang pasisiran, mula samektakna sakabihing gegaman kasyade pedang gadabindi candrasa limpong towok paser lan badil, lan titihanining para mangala, ajanagantikeri, singa srenggala semuk ngengreng bihal agalagal, krungu bende tengara sepisan tatatata pindo kumpul pingtelu budal,
- Wadyabala : nuwun inggeh ngesakaken dawuh gusti sadaya sampun samekta,
- Ggk bongkol : Para tamtama lumaksana magita-gita,
 Wadyabala : Tandyaaaaaaaaaaaaa,

BUDALAN

MARGI, Bratasena Katungka Kunthi

Antawecana

- Kunti : Aduh ger anaku bratasena mandeka disek ger, mesakna pun ibu ger.
- Bratasena : Hemmmm ana apa kunti ibuku aja ngreridu lakuku kunti ibuku. Aku bakal babat wana marta,
- Kunti : Aja ger sira aja kemendel wanamarata kuwi alas kang wingit ora sedingah manungsa bisa mlebu wana marta ger, sira mesti mung di jlomprongake marang para kurawa ger,
- Bratasena : Ora iki pancen wes tak antepi dalaning kamuktenku sakadang yamung kanti dalam kudu wani rekasa, mula lilakna aku ibu, tak babate wanamarta,
- Kunti : Aja ger sebape apa dene bratasena kanda kaya mengakono, pun ibu bakal mangerti nalika sira di timbali marang rakamu anak prabu duryudana, apa kang di ngendikak ake marang rakamu duryudana ger?
- Bratasena : takanda mirengna sing terwaca kunti ibuku, mengkene caritane sajruning setinggi negara hastina,

Adegan Nagari Hastina

- Paraga : Prabu Duryudana : Resi Bisma
: Patih Sengkuni : Pandita Durna
: Raden Kartamarma
- Tungko : Bratasena

Janturan

Swuh . . . Rep data pitana. Hanenggih pundito ingkang cinarita. Kaeka adi dasapurwa, eka sawiji, adi linuwih, dasa sepuluh, purwa wiwitan. Ngupaya Negari sewu tan antuk sedasa, satus tan jangkep kalih. Hamung sajoga sinebut Negari Hastina, nenggih Liman Benawi, Gajahoya, nenggih sinebut Kuru Janggala. Negari ingkang pajang punjung pasir-wukir loh-jinawi, gemah-ripah karta tata tuwin raharja. panjang dawa pocapane pujung luhur kawibawane, pasir samudra wukir gunung loh tulus kang sarwa tinandur, jinawi murah barang kang tinuku, karta kawula sami

mungkul taberi ing olah tetanen, ingon-ingon kebo, sapi, bebek, ayam tan kinandangan. Siang ginelar ing pangonan sore bali myang kandange dewe tan gothang sawiji. Raharja tebih ing parangmuka, nanging sadaya mung gari pocapane. Makmuring Nagari tan rata marang kawula hamung sumandang marang wong kang darbe panguwasa. Tentreming Negari wus sirna awit kathah janma kecalan kautaman. Sintenta ingkang ngasta bawat pusaraning praja kepareng jejuluk Prabu Duryudana, Gendarisuta Destarastamaja, Jakapitana ya sang Kurupati. Nalendra ingkang kasinungan watak ambek budi candala songah sesongaran drengki srei jail panasten. Sinten ingkang sumewa amarikelu muka lir kojem ing bantala nenggih sang muka pangarsa Raden Patih Harya Sengkuni Trigantalpati ya Raden Suman. Nalika samana nampi rawuhira pandita agung saking Ngetalkanda sang maha Resi wara Bisma ya sang Dewabrata. Sinambung lenggah ira pandita ing Sokalima dahnyang Durna ya sang Kumbayana, datan kantun sowanira paniti sastra ing Hastina. Satria ing banyu tinalang Raden Kartamarma, pepak ander sowanira para mantri bupati nayoka kliwon wedana lurah bekel jajar magangan, jejel riyel ngantos dumugi panguraan jawi. Mangkana sang Prabu Duryudana lenggah siniwaka dereng kepareng medarsada.

Suwuk gending

Ada-ada Girisa

LENG LENG GATININGKANG

HAWAN SABA SABA

NIKENG HASTINA

SAMANTORO TEKENG

TEGAL KURU NARAR, YO KRESNA LAKUNIRA

PARASU RAMA KANWA JANAKA O . . .

DULUR NARADA, KAPANGGIHING IKA

JUMURUNING KARSA

SAPARTI TALA, SANG BUPATI

Antawecana

- Dryudana : Astungkara jagat wasesaning batara, nuwun mangkih paman Harya sengkuni, kepara maju sowanipun paman.
- Sengkuni : Nuwun inggih dateng sendika sang padukendra.
- Dryudana : Menika wonten rawuhipun kanjeng eyang Resi Bisma, pramila Kula bade ngacarani rawuhipun eyang Resi Bisma, paman.
- Sengkuni : Nuwun inggih sumangga kepareng paduka sinuwun.
- Dryudana : Nuwun samangke kanjeng eyang, sarawuh paduka kula ngaturaken pambagya panakrami eyang, eyang Resi Bisma.
- Bisma : Ya . . ya . . ndak tanpa ora mung pangestuku tampanana ngger wayah Prabu.
- Dryudana : Nuwun inggih kulapundi dadasa jimat pangestu paduka eyang, Mboten namung kula aturi lenggah ingkang prayogi eyang.
- Bisma : Ya . . ya . . ngger wes ora kurang prayoga.
- Sengkuni : Kula ugi ngaturaken pambagya rawuh paduka panembahan.
- Bisma : Sengkuni dak tanpa ngaturake pambagya pangestuku tampanana sengkuni.
- Sengkuni : Nuninggih, kula pundi pangestu paduka sang panembahan.
- Durna : Nadyan kula ugi ngaturaken pambagya rawuh paduka sang Adi panembahan.
- Bisma : Durna iya, ndak tanpa asung pambagya marang aku, sira lak ya pada rahayu durna?
- Durna : Nuwun inggih pangestu paduka tansah wilujeng panembahan, kula aturi lenggah ingkang prayogi panembahan.
- Bisma : Ya . . ya . . wes ora kurang prayoga.
- Dryudana : Jimat pepunden kula wonten madya pada eyang, eyang Resi Bisma, yayah lumampah ing wanci pangklong kapapak obor sewu sinareng kanjeng eyang kepareng rawuh wanten ing Negari Hastino eyang.
- Bisma : Iya ngger, banjur ana pari gawe apa dene banget anggone ngatu-antu rawuhe pun eyang ngger?
- Dryudana : Inggih eyang, mboten sanes namung bade nyuwun pitedah

paduka amrih prayoginipun kadospundi? Jalaran dinten samangke kadang kadang kula Pandawa bade nyuwun wangsul negari Hastina sawetahipun, bengeting manah kula menawi Negari Hastina mboten kula paringaken dateng para Pandawa jer menika pancen gadahanipun adia-adi kula Pandawa, nanging menawi kula paringaken dateng Pandawa lajeng samangke kula sakadang ingkang satus cacahipun bade mapan wonten pundi eyang? menika ingkang dados legetani manah kula.

Bisma : Hong ilahing awiknam astu purnamasidam. Hem . . wayah Prabu Duryudana, dadya sumurupmu yen ta hukum adat kang lumaku, sapa gawe nganggo, sapa nandur ngunduh, sapa nyileh kudu mbalekake. Kuwi wus dadi kodrating jagat ngger.

Dryudana : Menwi mekaten Negari Hastina kedah kula wangsulaken dhateng para Pandawa eyang?

Bisma : Iya ngger, yen ta Negara Hastina kok balekake marang Pandawa wayah prabu bakal kawentar nalendra ingkang wicaksana berbudi bawalaksana. Sukur wayah prabu gumregut yasa kraton anyar pun eyang memuji ger.

Dryudana : Kados pundi paman, prayoginipun paman Sengkuni?

Sengkuni : Menawi saking pamanggih kula prayogi Negari Hastina dipun kekahi, awit ngasta pusaraning Negari menika mboten gampang. Bade dados menapa Negari Hastina samanggih menawi dipun pasrahaken dening para **Pandawa**.

Dryudana : Paman Durna kados pundi paman?

Durna : Bleguduk monyor-monyor pritganthil buntute keso, howela-howelo, menawi pamanggih kulangger, keparenga miderek ngendikanipun keng eyang Resi Bisma, menika mboten bade nuwuhaken dredah antawesipun kadang sami kadang.

Dryudana : Menawi kula suraos ngendikanipun para sesepuh tondonipun namung bade mojakaken dateng kula ngrojongi dateng Pandawa, ingkang wekasan bade ngrekasaaken Kurawa sakadang, menawi ngaten tanpo gina anggenipun Hastina katah para pujangga katah

- penditanipun nanging namung ngatah-ngatahi blanja boten nyengkuyung lekasim Ratu.
- Bisma : Weladalah . Iha kok kaya mangkono penampamu Duryudana, jeneng Ratu sing orat edas pitutur becik wani ngucik kekucahing paran para, Duryudana, sira dadi Ratu ing Hastina iki paribasane ngluguhi klosu gumelar nanging iki dudu darbemu iki dudu kuasamu iki darbeke Pandawa, yen kena tak osike Hastina balekna marang Pandawa, Duryudana.
- Durna : Inggih ngger kula aturi menggalih ingkang wening sampun ngatos klenta-klentu mindak kirang prayogi.
- Sengkuni : Iyung-iyung yen ngantos Hastina dipun paringaken Pandawa lajeng kados pundi nasibipun Kurawa samangke ngger?.
- Duryudna : Nuwun sewu eyang Resi Bisma dalah paman Durna, kula menika jejering Ratu kula ingkang gadah panguwasa tunggal sedaya kedah manut sak reh printahing Ratu, sinadyan pandita, brahmana mboten wenang mbalui kersaning Ratu. Hastina tetep kula kukuhi mboten bade kula paringaken dateng Pandawa.
- Bisma : Duryudana! Tanpo guna pitutur becik tumrap Kurawa, pancen Hastina wes kelangan kaprwiran lan kautaman, kang anjrah hamung kanesthan drengki sreji panasten, nganti adoh ing rasa kamanungsan, mangsa bodoa aku bali ing Ngetalkanda.

[Resi Bisma wangsul ing talkanda]

[Datengipun Bratasena]

Pocapan.

Duko yayah sinipi sang maharesi Bisma jengkar nilaraken pasewakan agung Negari Hastina, kocap kacarita sinten ingkang galeah-galeah minggah ing sitinggil nenggih Raden Bratasena dadya kabyating kang mara sowan.

Ada-ada Nem jugag

MYAT LANGENING KALANG YWAN

HAGLAR PADAM MUNCAR

TINON LIR KEKONANG O . . .

Antawacana

- Dryudana : Adiku wong bagus, adiku wang gagah prakosa dimas Bratasena, rahayu satekamu yayi?
- Brtasena : Wa . . . antuk pangestumu raharja lakuku basaku katur Duryudana kakangku.
- Dryudana : Ya yayi, ndak tampa gawe bombonging penggalihku, lungguh kang prayoga yayi.
- Bratasena : Wa . . ngestoake dawuhmu Duryudana kakangku.
- Dryudana : Sawise lungguh kang prayoga, apa wigatine dene yayi sowan tanpo tinimbangan, inggal matura yayi.
- Brtasena : Iya Duryudana kakangku, tekaku minangkani pamothai kabeh adi-adimu para Padawa kang kepingin jaluk baline Negara Hastina sawutuhe, banjur kepiye kasaguhanmu Duryudana kakangku? bakal kok ulungake apa ora?
- Dryudana : Kados pundi paman ? paman Sengkuni amrih prayoginipun?
- Sengkuni : Kulo aturi mundut presa dateng kakang Durna ngger.
- Dryudana : Paman pandita Durna, kula nyuwun pamrayogi paduka paman.
- Durna : Inggih ngger anak Prabu, menawi saking pamanggih kula, Negari Hastina bade dipun paringaken menawi Pandawa sembada mbabat Wanamarta, kangge krataning para Kurawa.
- Dryudana : Iya dimas, mireng dewe ngendikane paman Durna, mung siadi saguh apa ora? Yen ta si adi ora saguh ora bakal ndak ulungke Negara Hastina.
- Brtasena : Wa . . Nanging Duryudana kakangku aja mblenjani, yen ta pancen kaya mangkono kang dadi penjalukmu ndak saguhi ndak babate Wanamarta, aku jaluk pamit budal dina iki. [bratasena bidal]

PANGGOMBAKAN

PARAGA: Dewi Kunti lan Para Pandawa,

ANTAWECANA.

- Kunti : Mengkono dawuhing rakamu anakprabu duryudana ger, sinadyan alas mrentani kuwi alas kang wingit lan werit nanging sedyamu sedyang utama mesti bakal rahayu lakumu ger.
- kangka : Nadyan kula mboten ajreh mbabat wana marta kanjeng

- ibu,
- premade : nuwun inggeh ibu kula siaga ngadani babat wanamarta.
 Piten ; Ingih kajeng ibu kula ugi siaga.
 Tansen : Kula ugi siaga kanjeng ibu.
 Kunti : Putraputraku kabeh aja pegat ing kaprayitnan yen pancen wes dadi antepmu pun ibu mung mangestoni ger. pepayung pujirahayu dadya sarana rahayuning lakumu.
 Bratasena : Aku jaluk pamit kunti ibuku tak babate dina iki alas mrentani.
 Kangka ; Nadyan kula nyuwun pangestu kanjeng ibu,
 Premadi : pangestu paduduka kajeng ibu.
 Kunti : Pamgestuku banyumili ger.

BIDAL

PASEBAN JAWI

- PARAGA : Sengkuni : Dursasana : Kartamarma : Durmgati
 : Jayadrata : Aswatama : Citraksa : Citraksi

Ada-ada NEM

RIDHU MANGAWUR AWU WURAHAN

TENGERANING AJURIT

GONG MAGURU GANGSA O . . .

ANTAWECANA

- Sengkuni : Nora samengko ta kabeh anakku Kurawa.
 Drsasana : Wonten dawuh man . . kula nungsi warta man kadas pundi dawuhipun kakang prabu Duryudana?
 Jayadrata : Nadyan kula nungsi warta paman.
 Aswtama : Kula ugi nungsi warta paman.
 Drmagati : Ingih man, kakang prabu dawuh napa dinte niki man?
 Citraksa : Ku ku ku kula nu nungsi wa wa warta pa pa paman.
 Sengkuni : Wis-wis aja pada saur manuk, mirengna aku bakal ngendika, dadya sumurupmu dina iki Pandawa sida njaluk baline negara Hastina.
 Drsasana : Wela . . lak tenan. Wis tak gagas wiwit mau aku weruh si Bratasena, munggah sitinggil, wah ana parigawe apa kae,hehe kurawa arep manggon ana ngendi hehehe . .
 Jayadrata : Menapa Negari Hastina sampun dipun paringaken dateng Pandawa paman?
 Drmagati : Weladalah . . keclipun man, nanging nggih pancen

- Hastina niku gadahanipun Pandawa.
- Sengkuni : Pada rungakna disik, Negara Hastina bakal diparingake marang Pandawa nanging yen Pandawa bisa babat wanamarta, wusanane si Bratasena saguh babat Wanamarta.
- Drsasana : Hehe . . Hahaha . pancen bocah kendel si Bratasena, ora ngerti yen wanamarta kuwi susuhing demit hehe . . hahaha . .
- Aswtama : Menawi Bratasena sembada babat wanamarta lajeng kados pundi paman?
- Drmagati : Mangka kula mestekaken menawi Bratasena mesti saget babat wanamarta.
- Sengkuni : Ora bakal klakon si Bratasena babat Wanamarta sabab Wanamarta kuwi papaning demit priprayangan, manut ngendikane kakang Durna Pandawa wani mlebu Wanamarta mesti lebur tanpa dadi.
- Drsasana : Whe . . hahaha . . Lajeng kersanipun paman kadospundi man?
- Sengkuni : Kabeh Kurawa kadawuhan api-api ngobyongi pandawa supaya mundak kekendelane si Pandawa, saingga gampang di mangsa dening para jim setan.
- Drsasana : Wa . . lak ngaten man . . cetho anggeipun tumandang gawe man . .
- Drmagati : Nggih man, ala becik bener luput manut pimpinan ora bakal salah.
- Krtmarma : Lajeng bidalipun benjing punapa paman?
- Sengkuni : Sadurunge Pandawa budal prayoga disiki budal,ayo budal dina iki tatanen prajurit sikep gegaman wadung pethel pacul lempak linggis sapiturute awit bakal babat alas, sawise tata-tata ayo inggalinggal budal dina iki.
- Krtmarma : Sendika ngestoaken dawuh paman.

WANAMARTA

- Paraga : satukewan perang kalian kurawa
 Kurawa sami mlajar mengsah buranwana, Bratasena mlebet wana bedoli kekayon, kepapak satukewan saya katah bratasena bade mejai kasandet kakangka,

ANTAWECANA:

- Kangka : Dimas bratasena aja kaya mangkono yayi,aja nganti mrejaya satukewan,awit satukewan iki uga titahing gusti, mangka dadya isesen miwah kaendahaning jagat,
- Bratasena : Wahhh mbarepkakangku satukewan pada ngreridu anggonku bakal mbabati alas iki,
- Kangka : mundura yayi aku kangbakal nyingkirake satukewan iki yayi,
- Bratasena : yohhh mangsabudua barebkakangku.
- POCAPAN : Sedakep sulukutunggal madep kiblat nering cipta sang panduatmaja,gya amatek esmuning aji pangabaran,sarta pasrah marang purbaningjagat,satemah satugalak dadi tutut sima srenggala nglumpruk yayah kaprebawan panguwasaning jengnabi sulaiman, gya giniring manut sareh printaing risang kangka,

MARGI.

- Paraga : Patih Handakawana : Handaka Semeru
: Gagakbokol : Wadya jimi setan.

Antawecana

- Hdakawna : He... Handaka Semeru lan Gagakbongkol, satukewan bubar mawut kekeyon pada runkat, bareng ndak setiteke ana jalma manungsa wani ngrusak alas iki ayo pada di prepegi.
- H Smeru : Ngestoaken dawuh.
- Ggbngkol : Sendika Gusti.

Budal

BRATASENA KEPANGGIH GAGAKBONGKOL.

- Ggbngkol : Ana satriya wani ngrusak Wanamarta gugu karepe dhewe sapa kowe ngakua sadurunge dadi kuwanda?
- Brtasena : Wa . . . balik kowe ngakua sapa jenengmu?
- Ggbngkol : Wa . . . pambek sumantana gede piangkuhmu, aku pepatih ing Jodhipati gagak bongkol jenengku, sapa kowe ngakua.
- Brtasena : Satriya Hastina Raden Bratasena aku.
- Ggbngkol : Mengku karep apa wani ngrusak Wanamarta?
- Brtasena : Alas iki bakal ndak babat kanggo kratoning para satriya Hastina.
- Ggbngkol : We . . . Ladalah. mangertia iki kratoning para kajiman,

luwih becik aja ganggu gawe kamardikaning kajiman yen kapingin slamet uripmu.

Brtasena : Mbuh ra idhep, prayoga kowe sumingkira aja mepalangi aku.

Ggbngkol : We . . . Ladalah ora kena pringgake becik satriya iki, wani marang aku.

Brtasena : Sing ndak wedeni apamu?

Ggbngkol : Leno pangendamu ketiban tangan sigar mrapat sirahmu.

Brtasena : Majua idak gepeng kuandamu.

Gagak bongkol kawon, Handaka Semeru majeng ugi kawon lajeng sami mlajar kepanggih Dandun wacana.

MARGI.

Paraga : Dandun wacana
: Hadakasemeru
: Handakawana
: Gagakbongkol.

Suwuk

Ada-ada Pathet Nem

Antawecana.

Ddnwacana : Wa . . . pada mlayu-mlayu kaya kamigilanen ana wigati apa?

H smeru : Ngaturaken ketiwasan, bilih ing wana Mretani kedadengan mengsah satriya saking Hastina naminipun Raden Bratasena, wantun ngrisak Wanamarta, para wadya kajiman sami kawon sedaya Raden.

Ddnwacana : Wah gugu karepe dewe pada mundura tak tandanganedewe.

H smeru : Inggih raden ngestoaken dawuh.

Bidal sadaya sami sumingkir. Bratasena kepanggih dandunwacana,

Ada-ada Pathet Nem

BUTA PANDAWA TATA GATI WISAYA

HINDRI YAKSA SARA MARUTA

PAWANA BANA MARGA O . . .

Ddnwacana : Wa . . . satria murang tata wani ngrusak Wanamarta, ngakua, Satria saka ngendi lan sapa jenengmu?

Bratasena : Satriya Hastina Raden Bratasena aku, balek ngakua sapa jenengmu wani nyandet anggonku mbabat Wanamarta.

Ddnwacana : Aku satria Jodipati Raden Dandunwacana, Heh Bratasena ana wigati apa wani mbedoli kekayon ngrusak kekitren wanamarta?

Bratasena : Waa . . . ora perlu kowe ngreti karepku, becik sumingkira aja ngganggu gawe marang aku.

Ddnwacana : Wa . . . gelem nglereni anggonmu ngrusak wanamarta apa ora? yen ora gelem nglereni klakon tak sempal baumu.

Bratasena : Wa . . . nantang marang Bratasena, hayo tandhing marang aku.

Ddnwacana : Sak budimu tak ayoni Bratasena.

Bratasena : Ganjur pecah sirahmu

Perang Bratasena vs andunwacana, dandun kawon lajeng ngasta jalasutra tanpang kencana.

Antawecana :

Ddnwacana : Wah yen pancen sekti mandraguna tampanana jala sutra tampang kencana.

bratasna ketaman jala n

Glumpruk, suluk tlutur bratasena sambatsambat.

Bratasena : wah apa sing gubet-gubet awaku iki,hem . . . kaya di lalasi atat bebayuku, wa . . . mbarep kakangku, Kunthi ibuku jlamprong adiku, aku kena bebaya kulakawarta yen aku kena bebaya.

Bratasena kabedol tacep kayon

Jejek, Lajeng Lagon Sanga Wantah.

SANG SAYA DALU HARARAS ABYOR KANG LINTANG KUMEDAP

TITI SONYA TENGAH WENGI

LUMRANG GANDANING PUSPITA

KASILIRING SAMIRANA MRIK O . . .

LIR SWARANING MADU BRANGTO

MANUNGSUNG SARINING KEMBANG

pocapan

Wruhing mangsa madularas. Linaras gatining kanda kudup-kumedap kaya kedeping kenya tinari krama, karena datan karenan. Rem-rem panjrah ing siti, jruning wengi datan wanten kang cinarita muhung sang citra resmi ingkang mungup-mungup ana graning ukir arsa madangi bumi, langit padang jingglang ilak-ilak dasar marengi mangsa kasanga,

sinigek gantiya kang cinarita nenggih ingkang wonten pretapan Pring Cendani, nalika semana Raden Premadi ingkang menggok lakune kagiwang indahing warna kapilut, esem ulat liringing wanita, satemah ambyur dateng samodraning asmara, den ngungkrum dening Endang Jim Ambar, lamun cinandra yayah anggugah jiwaning priyaga,

G ILIRILIR, SUWUK SINOM PARIJATA jim Ambar gandrung kalian Premadi,suwuk,

ANTA WECANA SELANG TEMBANG.1 Ningning sarikuning bayamirahbayainten tak remak dadiya dika wang kuning. 2 jim ambar pepudyaning atiku aja ngleleda rasaku wong ayu, 3 Namung paduka pangeran ingkang dados gegantelaning gesangkula. 4 Endahing asmara iki muga tansah lestari wongayu,

Antawecana.

Premadi : Jim ambar aja dadi kogeling atimu amarga dina iki aku lagi duwe sesanggeman kudu mbabat wanamarta marang para kadang-kadangu Pandawa, mula aku njaluk pamit liya dina aku bakal tumeka ing kene maneh.

Jm ambar : Aduh Raden Premadi bade babat wanamarta?mboten gapil Raden, awit Wanamarta menika kratoning para kajiman, tangen klampahipun menawi paduka mboten saget nyumurupi jagating kajiman.

Premadi : Banjur prayogane kepriye diajeng?

Jm Ambar : Kula gadah pusaka naminipun lisah jayeng katon, menawi paduka ngagem lisah jayeng katon paduka saget nyumurupi jagating lembut,mila lisah jayengkaton bade kula aturaken paduka raden.

Premadi : Iya-iyaku neda nrima jem abar, dene sira suka sarana marang aku,pun kakang mundut pamit bakal budal dina iki cah ayu.

Jm ambar : nuwun inggih raden, sembah kula nderek paduka, nanging sampun ngatos kesupen kalian kula nggih raden,

Premadi : iya jem ambar.

PREMADI BUDAL. Adegan margi, premadi Ngagem lisah jayengkaton,

pocapan.

Pyar panrawangan paningalipun dyan Premadi wusnya ngagem lisah jayengkaton, presa bileh kang raka Raden Bratasena nampi bebaya kajiret ing Jelasutra tampang kencana, kacarito raden Premadi, sigra menthang langkap sinandangan warastra lungit, pratitis denya ngembat jemparing kebet kaya kilat kesit kaya thathit nratas jala sutratampang kencana.

(Bratasena uwal saking jala, datengipun premadi, kangka miwah piten, tansen.)

Antawecana.

Bratasena : Wa . . . aku bisa uwal seka bebaya, Hem . . . sapa sing nulungi aku.

Premadi : Nuwun sewu kakangmas kulo ingkang mitulungi dateng paduka kakang mas.

Kangko : Sukur beja sewu dimas Premadi bisa mitulungi marang dimas Bratasena.

Piten : Nuwun inggih kakangmas, rahayunipun paduka inggal mitulungi, menawi mboten lajeng kados pundi kedadosanipun.

Bratasena : Wa . . . Premadi ndak trima mitulungi marang aku. Ayo inggal-inggal pada mbacutake anggone babat Wanamarta.

Premadi : Mangkih rumiyen kakangmas, kula pikantuk pusaka lisah jayengkaton, menawi ngagem lisah jayengkaton saget nyumurupi jagating lembut, mangga kula aturi ngagem kakangmas .

Bratasena : Wa . . . iya Jlamprong.

Kangka : Ya . . ya dimas kaya ngapa wujuting lisah jayengkaton.

Piten : Nuwun inggih kakangmas.

Ada-ada greget saut manyura:

Meh rahina semubang Hyang haruna

Kadi netranging hangga rapuh O . . .

Sabdaning kukila ring

Kanigara saketer

Niki dunganingkung O . . .

Pocapan:

Lah ing kana ta wau, para Pandawa sami ngagem lisah Jayengkaton,

saget nyumurupi wujuting jim setan isining Wanamarta, kocapo praptaning nalendra Amarta Prabu Yudistira kaderek'aken Raden Dadunwacana, jem suparta miwah gendruwo Raja Bali.

Atawecana.

Yudistira : Ana satriya bagus luruh pasemone sapa jenengmu anakua?

Kangka : Satria Hastina Raden Wijakangka aku, balik sira sapa?

Yudistira : Nalendra Amarta Prabu Yudistira aku.

Jm suparta : Satria bagus ngembari aku sapa?

Premadi : Raden Premadi aku, balik sira sapa?

Jm suparta : Jem Suparta aku.

Ddnwacana : Wa . . . Bratasena bisa uwal saka panjeting jala sutra tampang kencana?

Bratasena : Wa . . . antuk pitulunganing Batara aka bisa natas jala kang nggubet awakku.

Rajabali : Satriya kembar sapa jenengmu ngakua kowe?

Piten : Aku Raden Piten.

Tansen : Aku Raden Tansen,banjur sapa jenengmu?

Rajabali : Aku gendruwo Rajabali.

Yudistira : Nora samengko ta Wijakangka, ana wigati apa wani mlebu ing Wanamarta kanthi ngrusak tataning alas?

Kangka : Aku mbabat wana marta awit bakal tak wangun kanggo papaning Para pandawa.

Yudistira : Yaya kangko dadiya sumurupmu menawa sejatine aku sakadang mung sadrema nindakae dawue pikulun batara endra ngresa negara endraprastha,yen wus teka wancine aku kudu masrahake marang para pandawa, mula negara sawutuhe tak pasrahake marang para pandawa, aku bakal bali ana alaming kajiman.

Kangka : Ngaturake agunging panuwun sang prabu,

Yudistira : negara endraprastha iki dadi limang perangan, sisih weta kasatriyan jodipati, sisih kidul kasatriyan madukara, sisih kulon kasatriyan sawojajar, sisih lor kasatriyan bumiretalun, pancer tengah kedaton endraprastha, mangsabudua kabeh tak pasrahake marang para pandawa.

Kangka : yaya tak tanpa sawutuhe sang prabu,

Yudistira : Wus titi wancine aku sakadang kudu bali ana alaming kajiman, yayi dandonwacana jem suparta lan gedruwo rajabali ayo muleh ana alaming lembut,

Ddnwca : Ya yudestira kakangku, Bratasena, kastriyan Jodipati lan balaku ta pasrahke marang sira.

Bratasena : Ya . . ndak tampa Danduwacana.

Jm suparta : Premadi, kasatriyan Madukara tak pasrahake Premadi.

Premadi : Tak tampa jem suparta.

Rajabali : Piten tansen, kasatriyan Sawojajar lan Bumi Retalun ndak pasrahke marang sira.

Piten : Yaya tak tampa gendru rajabali.

(PRATANIPUN PATIH ANDAKAWANA SAKADANG)

Atawecana.

Andaka wana : Heh parapandawa kowe bisa nguwasani negara endraprasta yen wes bisa ngasorake aku.

Bratasena : wah gugu karepedewe ayo majua mreng takgo gatheng sirahmu.

Andakawana : klakon mati dening aku.

(DADOS PERANG TAYUNGAN)

THE END -

SUATU KETIKA DI EKACAKRA

Dikerajaan Ekacakra ada seorang Raksasa sangat sakti mandraguna bernama Bakasura. Bakasura rasaksa yang tak kenal apa itu etika apalagi estetika, bahkan jauh dari rasa kemanusiaan. Bakasura raksasa yang budinya tak tertata, kejahatan yang di agung-agungkannya. Setiap hari menindas rakyat, memeras hasil ekonomi orang yang lemah, bahkan setiap hari meminta jatah kepada pemerintah Ekacakra harus di sediakan nasi satu grobak dan lauk bekakak manusia. Sudah berjalan beberapa tahun hingga menipis rakyat Ekacakra, rakyat Ekacakra banyak yang berpindah tempat mengungsi di negara lain karena takut menjadi jaman rasaksa jahat itu. Negara ekacakra sudah kehabisan akal nya untuk menumpas Bakasura, Negeri Ekacakra menjadi semakin kurus dan melarat karna ulah Bakasura . . .

Pada suatu hari di padukuhan jambewangi ada seorang pengrajin kendi,

ki Partala namanya, dia hidup dengan seorang istri, satu putri dan satu putranya. Putrinya yang sudah menginjak dewasa Renggani namanya, 21 tahun kira-kira usianya. Menjadi perawan yang lugu namun manis segalanya, setiap hari membantu ayahnya membuat kendi bersama adik dan biyungnya, hidup tenang walaupun melarat. Sudah beberapa bulan para Pandawa bersama ibunya sang Dewi Kunthi Talibrata menumpang hidup di keluarga ki Partala. Namun ki partala tak keberatan. Setiap hari sang Balawa mendorong gerobaknya masuk hutan mencari kayu bakar untuk membakar kendikendinya. Pada suatu saat datanglah seorang patih dari kotaraja ekacakra, menjadikan terkejut keluarga partala.

ANTAWECANA:

- Patih : Hey Partala maaf beribu maaf, saya datang ke rumahmu. Karena 2 hari lagi keluargamu tiba saatnya mengirim makanan untuk Bakasura, yaitu nasi satu gerobak, dan lauknya bekakak manusia tapi harus dikirimkan hidup-hidup. maka kami mohon sediakanlah demi ketentraman Negerimu Ekacakra. Demikian perintah dari Rajamu kami mohondiri.
- Partala : Nyi, teruskan perjuanganku dan didiklah anaka-anak kita sebaik-baiknya, memang harus begini jalan hidupku. besuk aku harus menghadap Rasaksa Bakasura untuk dimangsanya.
- Nyai : Jangan kie, jangan . . . sungguh jangan kamu yang menjadi mangsa bakasura. karena kamu adalah sumber mata-pencaharian keluarga ini, aku tidak sanggup memberi nafkah anak-anak kita, pasti aku tidak mampu.
- Rengani : bapa dan biyung tercinta, biar aku saja yang menjadi mangsa bakasura, karna aku yang belum mempunyai tanggung jawab keluarga, kasihan adiku kalau sampai bapa atau biyung yang menjadi mangsa bakasura.
- Partala : renggani anaku jangan kamu yang menjadi mangsa bakasura, kamu masih muda, kamu harus melangsungkan kehidupan keluarga ini. biar aku saja, didiklah adikmu sebagai penggantikmu.
- Nyai : biar aku saja yang di makan rasaksa itu, akulah orang yang paling lemah di kluarga ini,

- Rengani : jangan biyung adiku masih kecil, kalau biyung tinggalkan adiku pasti tak terurus.
- Partala : aku minta semua iklaskan aku, biarlah aku yang menjadi mangsa bakasura, karna aku tak mau kehilangan satu anakku maupun kau istriku, aku tak tega melihat kluargaku luka berdarah-darah dan mati dimakan rasaksa jahat itu.
- Rengani : bapa dan biyung, dengarkan kata-kataku, bapa dan biyung mau mati untuk dimakan bakasura samadengan bapa dan biyung ingin lepas tanggungjawab ter hadap kluarga ini. jika biyung dan bapa meng iklaskan aku yang mati di makan bakasura, kluarga ini akan berlangsung karena masih ada adiku yang akan hidup terawat dan terdidik oleh bapa dan biyungnya, maka kami mohon iklaskan aku.
- Partala : anaku tercinta renggani bukan itu maksudku, sungguh bukan itu maksudku. ini masih ada waktu satu hari untuk berpikir, kita butuh istirahat, istirahatlah anaku, istirahatlah istriku.

(Ketika itu sang dewi kunthi sedang duduk di srambi rumah ki partala, tak sengaja mendengarkan semua yang di bicarakan kluarga itu, sang dewi kunthi tercengang mendengar kebaikan hati kluarga ki partala yang semua iklas mati demi kepentingan keluarga)

- Kunthi : sayang sekali anak-anaku tidak mengetahui peristiwa ini, peristiwa yang baru saja terjadi itu adalah ajaran yang amat berharga.
- Kunthi : hai anak-anaku kemarilah anaku, ibu akan beritahukan peristiwa yang baru saja terjadi.
- Bima : ada apa ibu memanggil anak-anakmu, apa yang terjadi ibu,
- Kangka : ya ada apa ibu, segeraberitahukan kepada anakanakmu, apa yang terjadi?
- Arjuna : apa yang terjadi ibu aku ingin segera tahu.
- kunthi : dengarkan anak-anaku, kita sementara ini menopang hidup kepada kluarga ki partala, ki partala dan kluarga tidak segan-segan menerima kita, kita direngkuh seperti kluarganya sendiri, kapan kita akan membalas budi

- kepada ki partala? ini ada kesempatan yang amat tepat untuk kita membalas budi,
- kangka : iya ibu, apa yang harus kita lakukan untuk membalas budi kepada keluarga ki partala?
- Kunthi : di negri ekacakra ini sedang ada malapetaka yang terjadi dari rasaksa bakasura namanya, dia sakti mandraguna tak ada sutupun yang bisa mengalahkannya, setiap hari negri ini harus menyerahkan bekakak manusia untuk dimakan rasaksa itu, hari esuk kluarga ki partala yang harus menyerakan salah satu kluarganya untu dimakan bakasura, ini kita harus bagaimana, jangan tinggal diam anak-anaku,
- Bima : hemmmkunthiibuku itulah yang kunantianti, waktu yang tepat untuk membinasakan sang jahat bakasura, jangan siap siapa yang maju aku yang siap membunuh rasaksa itu.
- Arjuna : Jangan kakakku, biar aku saja yang melawan bakasura, aku tidak takut menghadapinya,
- kangka : bukanya aku mengkhawatirkan arjuna, tapi alangkah baiknya bima lah yang pantas menghadapi si bakasura,
- kunthi : keputusan yang sangat baik aku setuju bima yang harus mengadapi si bakasura, maka bersiap-siaplah bima anaku, istirahat yang cukup besuk pagi harus bertarung dengan rasaksa jahat itu, kangka dan arjuna juga harus bersiap-siap besuk pagi mengawal sibima, mungkin bima butuh bantuanya,
- bima : ya kunthi ibuku, jangan khawatirkan aku, doakan saja biar aku mendapat kemenangan selalu,
- kunthi : ya anaku, mari kita istirahat besuk pagi aku yang akan menemui ki partala,

(beranjaklah semua masuk di ruwang masing-masing, membaringkan tubuhnya yang lelah karena sehari penuh memeras tenaga untuk bekerja. Bima dan Arjuna sedikitpun tak gentar walaupun hari esuk akan berhadapan dengan rasaksa bakasura)Malam telah berjalan sunyi menjelang pagi, ki partala yang semalam tak tidur karena memikirka nasib kluarganya,bergagas keluar dari ruwangnya masuk didapur mengambil

se ikat kayu bakar di masukan bibir tungkunya, segera menyala api membara, menyinari ruwang dpurnya, segera mengambil lima karung beras dicuci dan di masak rencana untuk di persembahkan rasaksa jahat bakasura, perawan rengani yang manis keluar dari ruang tidurnya bersama biyungnya, melewati dapur namun tak berhenti keluar pintu belakang entah kemana, si biyung segera membatu lakinya yang sedang menanak nasi, Tak lama kemudian pulanglah perawan itu kelihatan habis mandi keramas karena bersedia untuk dimangsa bakasura. tibatiba terdengar suwara gemblegar, sang bima masuk di ruang dapur

Bima : waih jangan kuwahir selesaikan menanak nasinya hilangkan rasa sedih dan cemas, riang gembira lah kalian, akulah yang akan mendorong grobak mengantar nasinya untuk di persembahkan rasaksa jahat bakasura, dan aku sanggup bertarung dengan bakasura itu.

Partala : jangan bima bakasura amat sakti aku kuwatirkan keselamatanmu,

Nyai : iya bima kamu seorang tamu, ini bukan tanggungjawab kamu ini tanggung jawab kami sekluarga,

Bima : kami sudah berapa bulan hidup bersamamu, makan minum kamu yang menanggungnya, ini satusatunya jalan untuk aku membalas budimu, biarlah aku yang mengantar nasi untuk bakasura itu.

Kunthi : iya ki partala dan nyai nanti biar anaku bima yang mengatarnya, aku mohon do, a restumu saja biar anaku bima dapat mengalahkan bakasura.

Nyai : Kalau begitu trimakasih sekali trimakasih sang dewi, trimakasih bima,

Partala : trimakasih sekali sang dewi aku do, akan biar bima bisa mengalahkan bakasura.

(Segera semua membantu menanak nasinya sambil di muat di atas grobak nasi yang sudah nanak, talama kemudian sudah penuh grobak ber isi nasi gureh segera di tutup dengan daun pisang, bima bersiapsiap medrong grobak yang sudah penuh nasi gurih, semua menonton bima yang mendorong grobak dengan tenangnya, menelusuri desa kedesa memasuki lembah ngare, segera masuk dikota raja ekacakra, orang-orang kota heran melihatnya segera mengikuti perjalanan sang bima, sampailah di

tempat rasaksa jahat sang bakasura,yang penuh di hiasi tulang belulang dan tengkorak manusia yang telah menjadi kurban mangsanya bakasura. bakasura mendengar sorak-sorak segera kluardari guwanya, melihat ada grobak ber isi nasi ketawa ter bahakbahak bakasura, tetapi melihat ada seorang gagah tampan berdiri di balakang grobak sambil makan nasi itu marah bakasura menggeramgeram,segera maju memukuli punggung bima, bima makan nasi dengan lahapnya semakimarah bakasura.

Bksura : herrrrr wahhhh siapa kamu berani makan nasiku hayo hetikan sebelum aku makan dagingmu,wahhhhmanusia apa ini sangat kebal aku pukuli tak dirasakan.hehhhh, matikamu,

TAMAT

Bangoen Taman Sriwedari

Alun-alun Magada - Sayembara berlangsung dan dimenangkan Prb. Darmo Wasesa, darmo wasesa mendirikan sayembara, Ratu Seribu Negara kalah semua, Sumantri Datang mengikuti sayembara dan menang. Ratu seribu negara takluk dengan sumantri menjadi boyongan ke Maespati.

Maespati – HarjunoS dan Prb. Kalingga prana kedatangan patih Pth. Kartonadi, membawa kabar bahwa Sumantri sudah Berhasil memboyong Citrowati dan memberikan surat PENANTANG dari Sumantri untuk HarjunoS. HarjunoS mengirimi Sumntri Pakaian Raja sebagai syarat untuk bertanding dengan HarjunoS. BUDAL

ALUN-ALUN Maespati – Perang tanding Sumantri VS HarjunoS, Sumantri kalah kemudian menyerhakan Citrowati sertaz semua boyonganya akan tetapi citrowati minta syarat mau permaisuri HarjunoS kalu Taman Sriwedari Dipindah ke Maespati, HarjunoS memberikan tugas itu pada sumantri, sumantri budal.

Goro-Goro – Kedatangan Sumantri, Sumantri mengeluh karna kewajiban yang terlalu bera baginya kedatangan Sukrasana, Sukrasana sanggup memindah Taman Sriwedari.

Taman Sriwedari – Sukrasana memindah Taman Sriwedari.

Maespati – Sumantri melaporkan Bahwa Taman Sriwedari sudah dipindah ke Maespati. Budal

Taman – Karonsihan. HarjunoS and Citrowati, Citrowati melihat Sukrasana dan ketakutan, sumantri datang. Dan mendapat tugas lagi untuk memusnahkan apa yang membuat citrawati ketakutan, harjuna dan citrawati budal, sumantri bertemu sukrasana dan menginginkan sukrasana untuk pilang ke desa jatisrana, sukrasana tdk mau akhirnya sumantri mau membunuh sukrasana, tapi mendapat protes dari rakyat punakawaqn.

Tjasting :

Soemantri	: Wid'jo Soempeno
Soekrasana	: Soerawan
Hardjoeno Sasra	: Ekaning
Tjitrowati	: R.E Putti Nirmala
Prb Kalinggaprana	: Tegoeh
Darmo Wasesa	: Marmoedjo
Patih Kartonadi	: Oentoeng
Prb. Handaja Moerti	: Martejo
Prb. SomaBradja	: Darmawan
Prb. Guntur Wasesa	: Bagong
Prb. Sasra Hamboro	: Waskito
Prabu Surantoko	: Daryono
Barahala Sumantri	: Soemintas
	: Poedjianto
	: Danang
Brahala HarjunoSasra	: Genter Sastro Wioeno
Poetri taman	: Poerwanti, Septi, Ida, Ita
Semar	: Marsin
Gareng	: Rahmad
Petruk	: Wonto
Bagong	: Tim Boel

BANGUN TAMAN SRIWEDARI

Raden Sumantri wangsul saking Nagari Magada sembada mupu sayembara ngawonaken Prabu Darma Wasesa nalendra saingga widarpa amboyong Dewi Citrawati dalah Putri Domas 800 cacahipun dumugi alun-alun Maespati lajeng nantang Prabu Harjunasasra.

- Sumantri : Heh , , Prabu Harjunasasra aku wis klakon mboyong Dewi Citrawati saka Negara Magada, bakal tak aturake sang Prabu Harjunasasra nanging ana saranane.
- Harjuna S : Ya . . ya . . Sumatri, apa saranane bakal tak pinangkani.
- Sumantri : Sranane nganggo tata caraning satria, tangkep dada kantaran bau tanding tiasa marang aku.
- Harjuna S : Keparat Sumantri gembelo sirahmu kaya lanang-lanango dewe ayo tak ayoni sepira kadikdayanmu.
- Sumantri : Tak kembari kadikdayanmu.
- Harjuna S : Ganjur pecah dadamu.

(Dados perang, Raden Sumantri kasoran lajeng balangaken senjata Cakra sinaut dining Prabu Harjunasasra, nglumpruk Raden Sumantri, lajeng masrahaken Dewi Citrawati daten sang Prabu Harjunasasra dalah nyuwun pangaksama,)

- Sumatri : Duh gusti kula sang Prabu Harjunasasrabahu kapejahana derek, kula tiang ingkang wuta ing trapsila, kula aturaken paduka sang Dewi Citrawati dalah sadaya boyongan saking Nagari Magada.
- Harjuna S : Sumantri iya tak tampa sakabehing boyongan saka Negara Magada, nanging ora bakal tak ngapura sumantri kang wus wani ngremehake nalendra Maespati. Citrawati sira wis dadi wewenang ingsun mula sira bakal tak wisuda jumeneng prameswari ing Maespati.
- Citrawati : Inggih sang prabu, nanging sang Prabu Harjunasasra kepareng minangkani panuwun kula.
- Harjuna S : Apa punjalukmu Citrawati bakal tak pinangkani.
- Citrawati : Kula nyuwun taman Sriwedari ingkang wonten Nagari Magada dipun boyong dateng Maespati kanthi wutuh

tanpa cicir sang Prabu.

Harjuna S :Sumantri kasembadane muter taman Sriwedari tak pasrahake marang sira, nanging yen ora bisa muter taman Sriwedari ora bakal tak tampa pasuwitanmu Sumantri.

Sumantri : Sendika ngestakaken dawuh gusti.

Harjuna S :Citrawati ayo manji Kedaton.

Sadoyo sami bidal sowang-sowang, Sumantri tawang-tawang tangis lajeng Bambang Sukasrana mandap saking Gegana manggihi kang raka.

Sukasrana : Hai kakang sumantri ana apa kakang nangis kaya bocah cilik?

(sumatri kalian ngrangkul sukasrana.)

Sumantri : Duh adiku di sukasrana kowe nusul pun kakang dimas, pun kakang mbarang wirang kadawuhan muter taman sriwedari saka magada menyang maespati, tangeh lamun kelakone yayi, mula ayo mulih menyang jatisrana wai yayi.

Sokasrana : Aja gampang mopo kakang wataking satriya brahmana ora kaya mangkono kakang, wes aku jaluk pamit tak putere taman sriwedari.

Bambang sokasrana lajeng mesat gegana. Taman Sriwedari kaputer dateng maespati. Prabu Harjunasasra dalah para putri manjing Taman Sriwedari, Dewi Citrawati sumerep we wujutan ingkang gegilani sami jerit-jerit, lajeng sang Dewi Citrawati matur dateng sang Prabu Harjunasasra.

citrawati : duh sang prabu salebeting taman wonten wewujutan ingkang sawelangkung gegilani, mila kula nyuwun supados wewujutan kala wau dipun sirnakaken sang prabu.

harjuna s : Yaya citrawati, sumantri enggal sirnakna wewujutan kang gegilani kae.

Sumantri : Sendika ngestoaken dawuh gusti.

(Sumatri bidal, lajen pinanggi sokasrana)

Sumantri : sokasrana adiku kang tak tresnani kowe balia menyang

- desa Jatisrana yayi.
- Sokasrana : Ora kakang, aku melu kowe aku ora bisa pisah marang kakang Sumantri kakang.
- Sumantri : Sokasrana, gelem bali ora? Iki dadi dukane sang prabu Harjunasasra, yen ora gelem bali aku tegel marang kowe dimas.
- Sokasrana : Emuta kakang aku sing bisa muter taman sriwedari lo kakang, kowe aja sia-sia marang aku kakang, aku iki sedulurmu kakang.
- Sumantri : Buh raweruh, sinajan sedulurku nanging wujutmu kuwi jejemberi taman sriwedari, aku tegel tenan yen kowe ora gelem mulih menyang desa jatisrana.
- Sokasrana : Yen kowe tegel patenana aku kakang, katimbang aku kudu pisah marang kakang sumantri keduwung patenana aku kakang.
- Sumantri : Sida mati dining aku Sokasrana,
(sumantri ngunus keris lajeng sadaya pendukung sami Nangkat gegaman bade ngroyok Sumantri lan HarjunaSasra.)

THE END

BEGAWAN CIPTA NING

Wadyabala himohimantaka sami pacak baris wonten ing alun-alun nenggo wangsulipun patih mamangmurka ingkang nembe nglamar dewi supraba wanten ing kayangan.

(ktrgn :namung beksan denawa,kalajengaken kiprahipun niwatakawaca, lajeng gandrung, tnbg sinom dipun selani atawecana:(Sinom): memanismu angujiwt. Agawe rujittingalih,

niwatakawaca : Eee arine punkakangdewe wongayu supraba, ladenna brantanku.

Wuruapa kangsinedya. Umpama mundutarukmi.

Niwatakawaca: Mung supraba gegantelaningatiku manuta tak mban pondong wongayu.

Wusmesthi ndak turuti. Ibarat wong numpakprau.

Niwatakawaca: Jaluk apa ngaranana waton ora njaluk tumuruning litang rembulan mesthi bakal tak turuti supraba.

(sasampunipun sami gojek lan tetembangan lajeng sami sowan bgwnciptaning)

(Candakipun begawan ciptaning semedi dipun goda para widodari)

(Sasampunipun widodari makayangan datengipu denawa cakil)

(alasalasan sacekaipun keapak ciptaning lajeng atawecana)

Cakil : bojlembojlen iblislanat pada jejegang mandekmandek gus satriya pinandita ngendi pinangkamu sapa kekasihmu gus ngakua?

Ciptaning : Balik ngakua buta ngendi dangkamu sapa pracekamu?

Cakil : Weladalah lungit pamotheng gede piangkuhma, mangertiya aku mburi saka himo-himantaka dikya kala balik ngakua sapa sinambatmu gus.

Ciptaning : Pandita ing endrakila begawan ciptaning aku.

Cakil : weladalah begawan ciptaning satrune gustiku prabu niwatakawaca, tiwas kebeneran anglungna janggamu tak tigase,

Ciptaning : Ana buta genjahlara ngempingpati majurene klakon tak pungkasi uripmu.

Cakil : kopatkapita kaya ulatapaangin kekitranga kaya manuk branjangan kena kesaut bangkekanmu sampirke pundak gigit siungpangapit sampluke pang kemuda rantak kuwandamu,

(Dados perang kembang)

(Datengipun mamangmurka ngamuk lajeng dados celeng dipun panah

Sesaregan Kalian kilatarupa, celeng pejah lajeng antawecana)

Kilatarupa : heh keparat pandita pamer kaprigelan kaya lanang-lanango dewe, mangretiya yen kang mrejaya wraha iki mau aku,

Citaning : keparat wani nantang prekara marang ciptaning sapa peparapmu ngakua mumpung durung tumekeng pralaya.

Kilatarupa : aku kilatarupa kepingin tading kasudekbyan marang ciptaning.

Ciptaning : tak ayoni ayo tangkepjaja kantaran bau ingkang lena bakal ngamasi pralaya.

Kilatarupa : Orabakal mundursajangkah.

(Dados perang kilatarupa mesat sangyang batara guru dateng nganthi dewi su

Praba.) (Antawecana)

Ciptaning : Duh pukulun mgaturaken pujaastuti sarto tadah deduka awit wuru ing paningal batos ngatos singklar ing subasita,

Batraguru : Titah ulun arjuna mboyadadipunapa ulun tanpa pangastutiulun kitatampa,

Ciptaning : Sanget ing pamundikula, lajeng pikulun keperengrawuh wanten kepreng ingkang pundi, punapa bade nyendalmayang dateng kawula pukulun?

Batraguru : Aja dadi rujitaning penggalih kita, ulun ngejawantah bakal paring nugrahing subratakita, nanging lelabuhan kita durung rampung, jagat ketaman dahuru awit saka kamurkane niwatakawaca kang bakal nerak anggerugering kodrat, mula ulun mita marang kita dadi jawoning jawata nyernakake niwatakawaca.

Ciptaning : Dawuh padukakulapundi, nanging kula nyuwun kanthi sang dewi supraba, kinarya kartisampeka.

Batraguru : Yaya ulun lilani malah uga ulun bakal paring sipatkandel senjata pasopati, mureh lebdaingkarya. Supraba kita bebarengan marang ciptaning budal menyang himohimantaka .

Supraba : ngestaaken dawuh pukulun pangestupaduka kulasuwun.

Batraguru : Supraba lan harjuna dugaprayogadigawa ngati-ati aja ngatikeri, budala dina iki ulun makayangan.

(saderengipun sami budal sami andon asmara sekedap lajeng bidal)

(Candakipun manyura himohimantaka niwatakawaca kedadengan ciptaning)

(Antawecana)

Niwatakawaca: wegege ana satriyapinandita sugih kendelbondowani mlebu ing himohimantaka ngthi dwaja panantang ijen tanpa rowang sapa ngakua sadurunge teka ing ajal kamulyanmu?

Ciptaning : Srayaning dewabegawanciptaningaku, ajakumalungkung niwatakawaca, aku kang bakal mapaki kadikdayanmu.

Niwatakawaca: Gembelosirahmu agebmu apa durung weruh kasudikbyanku, ayo tak ladeni aja mundur yen durung ngemasi.

Ciptaning : Orawatak satriya tinggalglagangcolongmlayu,

(Dados perang ciptaning kasoran, lajeng nyroya supraba majeng)

Niwatakawaca: Wegege rawurung klakon idamidamanku, mancasaning widodari supraba tumeka ingkene, duh pepujanku wangayu supraba punkakang selak lamlamen nyading marang wong manis,kenekene supraba apata penjalukmu mesthi tak turuti wongayu,

Supraba : Sangprabu nyata sudebya jeyengpalugon wus tanana pandita satriya kang bisa nandingi sira sangprabu,nanging aku bakal mangreti apata kasekten kang sumnang marang sang prabu,

Niwatakawaca: Aja takon prekara kuwi wongayu,sing baku ladenana brentaku iki ,

Supraba : Sangprabu yen ora precaya marangaku mokal aku bakal bisa lulus leladi marang sang prabu.

Niwatakawaca: supraba pepujaning punkakangwong ayu,tak jarwani nanging iki winadi suketgodong norakena krungu, aku kasinungan aji gineng, mula hanggaku noratedas landeping senjata,nangen mung siji wewadiku, aku norabisa mangan sing sarwoatos,margo gondangku ajameneh kena landeping gegaman, paribasan kecocok ri gereh wai bisa nemahi tiwas.

Supraba : mengkono sang prabu tuhu jatukramaku kang pantes angayomi marang aku, jiwaragaku tak pasrahke marang sang prabu niwatakawaca.

Niwatakawaca: hahahahahahahahaha

(kacarios wewadinipun niwata kawaca kapireng arjuna ingkang nglemunan)

(Niwatakawaca ingkang nembe guyu ngakak linepasan jeparingk inging Kinging gondangipun satemah niwatakawaca gugur)

TAMAT

KELIRAN BEGAWAN CIPTANING

Kelir 1, ALUNALUN HIMOMIMANTAKA.

Namung beksanipun para wadya denawa, Para wadya mlebet kasambet
Kelir 2, KEDATO HIMOHIMANTAKA, kiprahipun niwatakawaca, ngangge
reprepan janturan, Lajeng suwuk,

Gandrung dewi supraba dipun ketingalaken, mawi tembang dandanggula,
Telasipun tembang dandanggula, Datengipun mamangmurka sawadya,
Lajeng antawecana. Budal, saget mawi budalan.

Kelir 3, REPATKEPANASAN. Parajawataendra, brama lan harjunawinanga,
mrepeki wadya himohimantaka, antawecana, lajeng perang.

Kelir 4, GARAGARA, Petruk, Gareng, Bagong, semar, sami guyon lan
tetembangan.

Kelir 5, GUWA MINTARAGA, Ciptaning semedi dipun goda widadari,
ktrg namung beksan, kalajengaken cakilan, Telasipun cakilan datengipun
mamang murka ngamuk dados celeng, datengipun KILATARUPA,
Sesarengan manah celeng, dados padudon, perang, datengipun BATARA
GURU, nganthi dewi SUPRABA, Antawecana lajeng bidal,

Kelir 6, HIMOHIMANTAKA. Niwatakawaca kedadengan begawan
ciptaning, Antawecana, dados perang, Ciptaning kasoran, lajeng dewi
supraba kepanggih niwatakawaca, anta wecana, lajeng ciptaning
nglepasaken jemparing, niwatakawaca gugur. TAMAT.

CARIOS SANDI SASTRA

1. KRATON LEMBAH MAKLUMAT

- PARAGA :
- 1 Prabu Suraduyunta. Watak: kasar, antep tanggungjawab,
jujur,
 - 2 Patih, Singa tembong, Watak kasar jujur tanggungjawab.
 - 3 Tumenggung, Srenggala, Watak: Kereng jujur tanggung-
jawab,
 - 4 Senapati, Handaka riwut, Watak, kereng jujur.

Rembak :

Sasampunipun tatapraja, prabu suraduyunta tampi wisik sagetipun tata
tentrem negari lembah maklumat menawi dipun Ratoni satria ingkang
nami raden Narakamuno, lajeng sami kadawuhan budal ngupadi.

2. KEPATIHAN PUSPITA.

- PARAGA: 1 Patih Haria Birun, Watak, Drengki, kasar panasten nanging wibawa.
2 Tumenggung Gendoroan, Watak, Ngolor drengki dahwen.
3 Resi Tunjungseta, Watak jujur sabar setya.
4 Dewi Rumbini, Watak wengis, kejem panasten,

Rembak :

Patih haria birun kuwatos anggenipun garwa ampean puspita dewi rumbini tresna kalian haria birun, menawi kadenangan ratunipun temtu kalepatan, katungka dewi rumbini, tansah mbujuk supados ngrebat panguwaos ing negari puspita, dipun sengkuyung kalian tumenggung gendorohah, lajeng damel cara resi tunjungseta dipun peksa ngaturaken bilih negari puspita wonten pagebluk, sagetipun waluya kedah dipun tumbali putra dampit pangeran narakamuna kalian dewi lantasi, putranipun prabu purusatama piambak, lajeng sami bidal. suwan prabu purusatama. Nanging dewi rumbini ngrumiyini lampah.

3. KRATON PUSPITA

- PARAGA: 1 Prabu Purusatama, watak wibawa wicaksana, sampun pikun.
2 Garwa ampean Dewi Rumbini.
3 Juru tuwek Haria Karku, Watak jujur setya, kejem.

Rembak :

Anggenipun prabu purusatama sampun sepuh bade lengser keprabon, bade jumenengaken pangeran nara kamuna, dewi rumbini rewarewa nyarujuki, datengipun patih haria birun kalian tumenggung gendorohan resi tunjungseta, ngaturaken bilih negari puspita ketaman pagebluk, lajeng prabu purusatama dangu resi tunjungseta, resi tunjungseta ngaturaken jalaranipun prabu purusatama kagungan putra dampit raden narakamuna kalian dewi lantasi, sagetipun waluya kedah tinumbalan sedanipun putra kekalih, lajeng prabu purusatama muwun, dipun peksa kedah nimbali haria karku supados mrejaya raden narakamuna kalian dewi lantasi, kepojok rembak prabu purusatama lajeng nimbali haria karku, kadawuhan mrejaya raden narakamuna kalian dewi lantasi, nanging kedah wonten sak jawining kitho puspita, hariakarku sagah, bidal, sedaya sami pamit ugi, prabu purusatama kundur kedaton kalian muwun sami dipun geguyu.

4. TAMAN PUSPITA

- PARAGA: 1 Raden Narakamuna, Watak alus ngadiadi nanging wasis.
2 Dewi Lantasi, Watak alus ngadiadi, wasis ugi.

Rembak :

Sami ngudaraos prekawis pasinaon luhur, lajeng kedadengan haria karku, ingkang estunipun bade mejai kekalihipun, nanging apiapi bade derekaken niti bawah, lajeng sadaya sami bidal.

5. KRATO SIMBAR INTEN.

- PARAGA : 1 Repat, watak dagelan.
2 Repat, Watak dagelan.
3 Prabu Tejaningtatas, Watak, alus wibawa wicaksana.
4 Patih duwung gerang, watak setya wibawa glece,

Rembak :

Sasampunipun repat sami gojek lajeng datengipun prabu tejaningtatas kaderekaken patih duwunggerang, Wigati repat kadawuhan derekaken cangkrama. Lajeng sami bidal.

6. ALAS JURANGREBANG.

- PARAGA: 1 Raden narakamuna
2 Dewi Lantasi.
3 Hara Karku.

Rembak :

hariyakarkunedahaken wiripun laladannegaripuspita. lan wateswatesipun, raden narakamuna lan dewi lantasi sami sengsem ningali kaidhanipun gunung dalah segara, haria karku wonten wingking ngunus keris, bade mrejaya nanging narakamuna noleh lajeng keris kasarungaken. dipun dangu namung ningali keris kemawonk wungsalwangsul, lajeng narakamuna lan dewi lantasi cubriya, hariya karku walaka belih estunipun kadawuhan mrejaya kekalihipun, dewi lantasi muwun narakamuna dangu sebabipun bade dipun mrejaya, dipun terangaken kalian hariya karku sebaipun, lajeng sami eklas, nanging hariya karku kadawuhan niti leres lan mbotenipun pagebluk kalawau, hariya karku lajeng pamit wasul dateng puspita nyetitekaken prekais mwnika, nanging raden narakamuna lan dewi lantasi dipun damelaken pasanggrahan lan dipun paringi pratada sandisastra, Hariya karku bidal datengipun suraduyunta sawadya, bade mboyong raden narakamuna, nanging raden narakamuna mboten kresa

dados perang,narakamuna kapikut lajeng dipun glandang,dewi lantasi keplajar.

7. DALAN

PARAGA: 1 Dewi Lantasi
2 Patih duwunggerang,

Rembak :

Patih duwunggerang kadawuhan pados toya kepanggih lantasi kesengsem dados gandrung lantasi mboten purun, telas tembang datengipun prabu tejaningtatas, patih duwunggerang klicutan. Dewi lantasi tresna kalihan prabu tejaningtatas,dados gandrung, patih duwunggerang kecemutan, lajeng dqwi lantasi dipun boyong dateng negari simbar inten.

8. LEMBAHMAKLUMAT

PARAGA : 1 Prabu suraduyunta sawadya.
2 R Narakamuna

Rembak :

Raden Narakamuna kajumenengaken ratu wonten ing kraton lembahmklumat, katungka datengipun h karku, nglapuraken bilih negari puspita dipun rebat dining patih h birun, saha prabu purusatama dipun kunjara, lajeng r narakamuna kepingin ngrebat wangsul negari puspita, dipun sengkuyung dining sura duyunta sawadya, nanging saderingipun kemutan bileh ingkang rayi dewi lantasi ical lajeng nedya ngupadi, sedya sami bidal.

9. KRATO SIMBAR INTEN

PARAGA : 1 Prabu Tejaningtatas
2 Dewi lantasi
3 patih duwunggerang

Rembak :

Dewi Lantasi bade dipun daup kalian Prabu Tejaningtatas. Dewi Lantasi purun nanging nyuwun bebana menawi sang Prabu saget manggihaken Raden Narakamuna, dipun sagahi katungka datengipun Raden Narakamuna bade ngrebat wangsul Dewi Lantasi, nagning dipun kukuhi lajeng Raden Narakamuna mareng aken Dewi Lantasi dipun garwa Prabu Tejaningtatas menawi prabu tejaningtatas purun sabiyantu ngrebat wangsul negari puspita, Prabu Tejaningtatas sabah lajeng sami bidal.

10. KRATON PUSPITA

- PARAGA: 1 Patih h birun
2 Dewi rumbini
3 T Gendoroan
4 Resi tunjungseta

Rembak :

Sami sukaparisuka anggenipun H Birun sampun kelampah jumeneng ratu ing negari puspita. katunka datengipun h karku bade nyuwun wangsul panguwaos ing puspita, sami dipun gegujeng dados perang datengipun narakamuna ngirit suraduyunta lan prabu tejaningtatas, H Birun lan t gedaoran kapikut, dewi kumbini dipun tundung, prabu purusatama dipun luwari saking pakunjaran, pengadilan h berun lan t gendoroan dipun kunjara sekawan welastahun, nara kamuna jumenengan ratu, h karku dipun angkat dados patih.

TAMAT

CARIOS CUPUMANIK ASTAGINA

PERTAPAN GRASTINA

Putri begawan gutama anjani lagi dolana cupumanik astagina katungka arinira guwarsa lan guwarsi kepingin nonton cupumanik astagina nanging anjani ora oleh banjur pada rebutan.

guwarsa : he kangbok anjani aku nyileh dolananmu kuwi, kuwi jenenge apa kangbok?

Guwarsi : Iya kangbok aku tak nyelih kangbok kok kaya apik banget.

Anjani : Aja di iki dudu dolanane bocah cilik iki dolanane bocah gedhe, wes kana dolanan liane wai lak akeh dolan tadi.

Guwarsa : Ora kangbok aku kepingin dolananmukuwi kangbok, sedelawai, mengko tak baleke.

Guwasi : Aku ya kepingin kangbok aku tak weruh kaya ngapa.

Anjani : Orara tenan di kowe ora kena dulanan iki, mengko mundak di dukani rama,

Guwarsa : Mung dolanan kaya ngono lakok raentuk di sileh entrane ana apane kangbok?

Guwarsi : Nek raoleh di sileh direbut wai kakang ayo direbut.

Guwasa : Iya di ayo direbut wai, kangbok! oleh ora? Yen ragelem

ngulungke bakal tak rebut kangbok!

Anjani : Ojo tenan di kowe orakena dolanan cupu iki,

Guwarsa : yowes ayo direbut di, aja nlayu kangbok.

Guwarsi : Ayo kakang!.

Guwarsa lan guwarsi ngrebut cupu ngati oyak2an anjani mlayu.

Adekan PERTAPAN GRASTINA, Resi gutama lan dewi indradi pada jagongan kadep cantri jembawan lan emban suwareh.katungka anjani guwarsa lan guwarsi.

Gutana : Indradi bocah2 mau pada menyang ngendi sekesuk iki lakok aku durung nyawang anakanaku?

Indradi : Kalawau sami medal, mbokbilih sami dolanan wonten pelataran san resi.

Gutama : Iki lakya wes mangsane pada sinau lakok malah pada dolan,

Indradi : Inggih panembahan, mangkeh lakinggih sami wangsul

Gutama : jembawan lan kowe suwareh, momongan si anjani guwarsa lan guwarsi pada menyang ngedi lakok kowe ora poda dereke?

Jembawan : tadah duka panembahan kula kalawau dipun dukani mbaten keparen derek.

Suareh : Inggih sang topo kula gih dipun dukani dara anjani ngendika sawek bade piambaan ngaten.

Gutama : weladalah arep ana kedadean apa iki.

(Katungka datengipun anjani guwarsa lan guwarsi)

Anjani : Bapa bapa iki guwarsa lan guwarsi nakal bapa aku njaluk pangyoman bapa,

Guwarsa : Bapa kangbok anjani duwe dolanan apek banget aku arep nyileh ora oleh bapa,

Guwarsi : Bapa aku njaluk ditukoke dolanan kaya

**CARIOS KERIS NAGASASRA SABUK INTEN.
Seri MAESAJENAR KEMBAR.**

Kelurahan GEDANGAN.

Paraga : Lurah Wiradapa :
: Handaka \ Hariasaloka :
: Manahan \ Mahesajenar :
: Lan Para laskar :
Tungko : Sawungsariti :

PAGURON GUNUNG TIDAR

Paraga : Kilurah singaludra \ Ki Panutan :
: Nyai Singaludra \ Nyi Semarabumi:
: Wulungan :
: Sekayon :
Tungko : Ki Singaludra Lodoyo :
: Ki Bugelkaliki :

PADEPOKAN GUNUNG SUMBING

Paraga : Ki Pandanalas \ Ki Sentanu:
: Pudukwangi \ Rara Wilis :
Tungko : Demang Sarayuda :
Tungko : Jakasoka :

PAGURON KARANG TUMARITIS

Paraga : Putut karangtunggal \ Ki Kebokanigara:
: Ptut Karangjati \ Mas Karebet :
: Widury
: Repat :

**KELIRAN
KELURAHAN GEDANGEN**

Komplit, Rembuk anggone singalodra ing gunung tidar mekso narik pajak,
banjur podo kepingin ngukuhi ora bayar pajak,

Katungko datengipun sawungsariti,wigatos bade narikpajak

Sami dipun kukuhi awit mboten leres,kedahipun pasok pajak dateng
demak, dados prang.

POJOK DESA GEDENGAN, Perang laskar gedangan-Gunung tidar, Handaka-Sawungsariti, amarga sawungsariti songangesongaran handaka waloko yen sejatine hariyasaloka.sariti keplayu. tungko Maesajenar saloka dipun dukani, maesajenar pamit bade madosi rarawilis.

GUNUNG SUMBING. Ki Pandan alas-Pudakwangi, katungka demang Sarayuda, Bade mundut garwo pudakwangi, kapureh naros piyambak dados gandrung gagal, tungko jakasoka rebatan dados perang. dmg sarayuda kaseser tungko maesajenar, prang jakasoka-maesajenar jakasoka mlajar, maesajenar wilis wngsul ing gedangan dmg sarayuda ngajak ki pandan alas nututi.

GUNUNG TIDAR. Ki Singalodra-nyi singalodra sami ngrembak cumondokipun keris nagasasrasabukinten.

Lan kepingin nguwasani, katungko datengipun ki singaludra ludoyo & bugelkaliki, ngosikaken bilih keris nagasasra sabukinten mbebayani, katungko sawungsariti nyanjangaken Kelurahan gedangan mboten purun pasok pajek dateng g tidar margo ing gedangan wonten pawongan sing jeneneg maesajenar, banjur ki singalodra kepingin ngluruk ing gedangan tanding marang maesajenar, budal

KARANGTUMARITIS, Repat sami gojek katungko putut karangtunggal, Putut karangjati & Widuri, Amargo panembahan ismaya bakal babar ngelmu anyar mulo kabeh murit karang tumaritis didawuhi mlumpuk, putut karangtunggal kadawuhan goleki maesajenar putut karangjati & widuri goleki hariyasaloka, budal.

GEDANGAN. Perang. ariasaloka mungsuh nyi singalodra. maesajenar mungsuh ki singalodra, singalodra namakake aji macanliwong oratemama, singalodra ketaman aji sasrabirawa lumpuh, katngko rara wilis, rara wilis nangisnngrungbi singalodra marga ki singalodra sejatine ki panutan wong tuane rara wilis, rara wilis ora trima nesu marang maesajenar, banjur lungu ninggalake maesajenar. maesajenar keduwung banjur budal ngawatawiti,

GUNUNG TIDAR. Nyi Singalodra & ki Singalodra ludoyo & bugelkaliki. katungko sawungsariti ngbarake yen ki singalodra mati, sawise podo tangisan nyi singalodra kepingin duwe bojo jakasoka utawa maesajenar, ki singalodra sepuh ngigohake supayane jakasoka lan maesajenar teka ing gunung tidar rara wilis kudu di glandang meynang gunung tidar, bajur dawuh bugelkaliki supaya glandang rarawilis budal. sawungsariti pamit

bali ing pamingit.

DALAN. Rarawilis katungka bugelkaliki bakal di Glandang katungka ki pandan alas & demang sarayuda dados perang, dmg sarayuda kasoran, rarawilis glandang.

GUNUNGTIDAR. Wangsulipun bugelkaliki bekta rarawilis lajeng kapurih nyingitaken katungka jakasoka, ki singalodra & bugelkaliki pamit wangsul. Nyi singalodra gandrung jakasoka, jakasoka purun dipun ladosi yen saget kepanggih rarawilis, lajeng rarawilis dipun dalaken saking singidan, jakasoka gandrung rarawilis katungka masajener palsu dados perang jakasoka kasoran mlajar katungka maesajener asli dados perang, maesajener asli namakaken sasrabirawa mboten temama, lajeng rarawilis dipun beta mlajar kalian mesajener palsu, maesajener nututi.

DALAN. Widuri kepanggih sawung sariti gandrung katungka karebet dados perang katungka hariasaloka sawung sariti mlajar, katungka maesajener palsu lan rarawilis, katungka mesajener asli, maesajener palsu badar ki kebokanigara, katungka ki pandan alas & demang sarayuda, demang sarayuda bade merksa rarawilis dipun ajak wangsul ing gunung kidul dipun geguyu kalian karebet, sarayuda runtik dados perang demang sarayuda namakaken aji cundomanik mboten tumama margi karebet matek lembusekulan, demag sarayuda lingsem lajeng pamit wangsul ing gunung kidul. sadaya sami wangsul ing karangtumaritis budal. TAMAT.

CARIOS WAHYU DEMAK

KADIPATEN PATHI

1. Hdpt Kembangjaya : 35 Tahun, Watak alus wicaksana.
2. Patih Purbaningrat : 37 Tahun, Watak stya.
3. Garwa Sulastri : 34 Tahun, Watak tregel.
4. Jineman Sondong makerti, : 45 Tahun, Watak kasar.
5. Jineman Surokerti : 45 Tahun, Watak kasar.
6. Prajurit Tamengyuda : 25 Tahun, Watak stya
7. Prajurit Tambakyuda : 25 Tahun, Watak stya.

REMPAK :

Sasampunipun tatapraja rembak anggenipun sang adipati dereng

kagungan putra milo tutuhtinutuh kalian garwa sulastri, kasambet rembak anggenipun kadipaten pathi katitipan pusaka saking demak 4 cacahipun, 1 keris rambut pinutung, 2 payung tunggulnaga, 3 kendang tengara perang 4 kricing gumbalageni, Sanga adipati kuwatos awit keris rambut pinutung sampunnate dipun dusta dining maling saking dusun genuk sayung naminipun sondongmajero, sinadyan sampun dipun panggeaken kalian sondongmakerti. lajeng sodongmakerti matur prayoginipun pusaka kedah dipun singitaken woten ing guwa ptiayam, sondong makerti kadawuhan nyingitaken budal, lajeng pisowanan kabibaraken.

POJOK BENTENG DEMAK

1. Hariya Penangsang : 21 Tahun Watak Songah
2. Ronggo Metahun : 58 Tahun Watak brengkel.
3. Soreng Rangkut : 25 Tahun Watak brangasan
4. Soreng Rono : 26 Tahun Watak brangasan
5. Soreng Rangkut : 27 Tahun Watak brangasan
6. Soreng Kewuh : 27 Tahun Watak brangasan
7. Soreng Pati : 28 Tahun Watak brangasan
8. Soreng Dandang : 27 Tahun Watak brangasan
9. Soreng wulung : 27 Tahun Watak brangasan

REMBAK :

Ronggo metahun lan para soreng Sami ngantuantu anggenipun hariya penangsang nembe sowanan woten ing kasultanan demak, katungka harya penangsang, lajeng sami nyuwun preksa kadospundi dawuhipun kanjeng sultan trenggana ing pasewakan, Penangsang ngendikaaken bilih kanjeng sultan dawuh kalian para neneman ing demak kinen ngadang tumuruning wahyu demak wonten ing wana kaperwatan, nanging penasang kuwatos menawi penasang mboten saget nampi wahyu, mila lajeng dawuh dateng metahun lan para soreng kinen nyegat karebet pemanahan hadirin lan penjawi ingkang bade ngadang tumuruning wayu, lajeng sami bidal.

WONO KAPERWATAN

1. Karebet : 25 Tahun WataK Alus
2. Pemanahan : 27 Tahun Watak keleng
3. Hadiren : 27 Tahun Watak elaelu
4. Penjawi : 29 Tahun Watak keleng

5. Pramonco : 25 Tahun Watak keleng
6. Prajurit : Jumbuh Paraga
7. Prajurit : jumbuh paraga

REMLAK:

Anggenipun sami napi dawuh saking kanjengsultan trenggana kinen ngadang tumuruning wahyu, lajeng sami sareng2 ngayati anggenipun sami semedi, Katungka datengipun Ronggo metahun lan para soreng, bade nyabaraken anggenipun sami ngadang wahyu dados perang. sadaya soreng sami kasoran, penangsang kepangih karebet, sami padudon prekawis wahyu ngantos sami ngunus pusaka, Katungka (Kanjeng Sunan kalijaga 65 Tahun watak wicaksana sabar). Lajeng misah agenipun sami padudan, sasampunipun kadangu prekawisipun lajeng sadaya kakanthi sowan dateng kasultanan demak,

KASULTANAN DEMAAK BINTARA

1. Sultan Trenggana : 52 Tahun watak wibawa tatas
2. Patih Wanasalam : 55 Tahun Wtak stya

Katungka kajeng sunan Kalijaga ngirit penangsang karebet pemanahan penjawi hadirin lan pramonco,

REMLAK :

Sasampunipun sultan ngabekti dateng kanjeng sunan, lajeng nyuwun preksa anggenipun kanjeng sunan rawuh ngathi para nemneman wonten ing demak bintara, sunan kalijaga ngendika aken bilih penangsang lan karebet sami padudon rebatan wahyu, lajeng nglepataken dateng sultan agenipun dawuh dateng para nemneman ngadang wayu, lajeng kajeng sultan pasrah dateng kanjeng sunan, lajeng kanjeng sunan dawuh dateng penasana karebet lan sanesipun kinen ngadang wahyu nanging wanten pendapa mesjit demak, kadawuhan sulat tahajut dikir wirit, ngiras kadawuhan sami ronda, penangsang kadawuhan dados lurahipun ronda, lajeng sami bidal. Pasewakan bibar,

TAMAN DEMAK BINTARA

1. Ratu kalinyamat 22 Tahun Watak ngadiadi
2. Abdi jumbuh paraga, gecul
3. Abdi jumbuh paraga, gecul

REMPAK :

Sasampunipun sami gojek lan tetembangan ratu kalinyamat dawuh daten abdi supados ngaturi mas karebet kinen lumebet ing taman, abdi sagah ,lajeng bidal,datengipun mas karebet,wosipun ratukalinyamat kesengsem dateng maskarebet snajan mas karebet sampun dados kadang ipe nipun,sangga dados gandrung, sasampunipun mas karebet pamitan, bidalipun mas karebet lajeng pemanahan lumebet ing taman, wosipun kepingin dipun ladosi kados mas karebet, ratu kalinyat mboten sagah nanging menawi mboten sagah bade dipun lapuraken kanjeng soltan, saingga kepeksa kalinyamat sagah, sawek bade sami ando asmara dipun gedor kalian penangsang, pemanahan mlajar nanging singep ipun nyamat katut kabeekta pemanahan.

PENDOPO MEASJIT DEMAK,

PARAGA:

Raden Hadiren sawek sare katungko mas karebet nusul sare,katungko pemanahan mlajar bade nusul sare nanging mas karebet wungu semerep pemanahan ngasto singepipun kalinyamat dipun gebuyu, lajeng singeipun dipun kemulaken raden hadiren, Katungko penangsang bujung pemanahan, sami dipun gugah lan dipu tuduh gonjak kalinyamat. Sami kumbi, lajeng sadaya sami nuduh raden hadiren,dipun gugah lan dipun peksa ngakeni gonjak kaliynama,

Datengipun sultan trenggana lan sunan kalijaga, sedaya sami nglaporaken menawi raden hadiren gonjak kalinyamat, nanging hadiren miguh pancen mboten nglampai,nanging kepepet kawon kalian mas karebet kalian pemanahan.kanthi bokti singepipun kalinyamat dipun asta hadiren, lajeng sultan nimbali kalinyamat, Nyamat pun dangu bingung akiripun ngakeni menawi ingkang gonjak raden hadiren, sunan kalijaga mangretos nanging rewarewa mboten ngretos, jalara hadirin sagah ugi dipun daupaken lajeng dipun pacangaken.

Kanjeng sunan ngendikaaken bilih ingkangnampi wahyu hadiren sadaya sami kaget, penangsang runtik lajeng dipun terangaken menika wahyu jejodohan,kanjeng sunan lajeng ngedekaken sayembara sinten ingkang saget madosi pusaka 4 cacahipun keris rambut pinutung krincing gumbalageni payung tunggulnaga kendang tengaraperang menika ingkang dipun calonaken jumeneng ratu ing demak,lajeng sadaya pamit bidal ngupadi pusaka,

KADIPATEN PATHI

PARAGA :

Hdpt Kembangjaya, Patih Purbaningrat, sulastri, nampi suwanipun karebet kalian pemanahan, Sasampunipun tetepangan mangertos menawi karebet tasih keponakanipun hdpt kembangjaya lajeng dipun angkat putra, sedaya sami lumebet.

PUNGKURAN KADIPATEN PATHI

PARAGA :

Karebat, Sulastri, Rembak : Sulastri kepingin ngladosi karebet jalaran kepingin kagungan putra mongko kajeng hadipati mandul. Karebet purun ngladosi nanging gadah panyuwun supados nedahaken pusaka 4 cacahipun. Sulastri sagah lajeng dipun kanti dateng guwo patiyam.bidal.

GUWO PATIAYAM.

PARAGA :

Sondang makeri, lan surakerti, sawek jaga pusaka katungka datengipun sulastri beta tuwak, dipun paringaken sondongmakerti sakanca,sami ngujuk tuwak lajeng sami menden, pusaka dipun pendet kalian sulastri dipun paringaken karebet lajeng samikesah, datengipun hdpt kembangjaya lan patih purbaningrat,ningali sedaya sami mendem lan katah bumbung tuwak, sondang makerti dipun sadaraken, dipun dawuhi mendet pusak 4 cacahipun, nanging pusaka sampun botenwonten, sodongmakerti sakonco nangis lan pasrah pati lajeng dipun tangleti siten ingkang maring tuwak, sondong matur bilih ingkang maringi pun sulastri hadipati kembangjaya lajeng ngunus keris dipun paringaken patih pubaningrat kapureh mejahi sulastri bidal.

MARGI

PARAGA:

Sulastri ,purbanirat, Rembak: patih purbaningrat duka ngasta pusaka ligan bade mejai sulastri kalian, nanging sulastri pasrah lan nlegana kalepatanipun, lajeng sedaya lileh samiwangsul dateng dusun bangsri.

MARGI.

PARAGA:

Penangsang ,Karebet, penangsang bade ngrebat pusaka dados perang,

pusaka 4 cacahipun pun tilarperang, dipun pendet kalian hadipati kembangjaya beta mlajar, lajeng sami dipun bujung,

KRATON DEMAK.

PARAGA:

Sultan Trenggana, Sunan Kalijaga, Patih Wanasalam, katungka hadipati kembangjaya ngaturaken pusaka 4 cacahipun. sampun dipuntampi, datengipun penangsang kalian karebet, dipun dangu anggenipun kadawuhan ngupadi pusaka, namung sami pating plenggong, jalaran pusaka sampun kaasta sultan trenggana, sunan kalijaga damel sayembara malih, kapureh mendetaken kotang gunthil wonten kadilangu, kapureh beta dateng demak, karebet lajeng matek aji sipiangin mlajar dateng kadilanu kutang gunthil dipun angge lajeng mabur dateng demak, penangsang sawek medal dugi alunalun, karebet sampun wangsul, Lajeng katetepaken karebet ka angkat dados pengeran adipatianom hadiwijaya, penangsang dipun jumenengaken hadipati woten ing jipangpanolan.

TAMAT

Dining

(Sitras Anjilin)

DAPUKAN

KADIPETEN PATHI

1. Hd Kembangjaya : Sarto
2. Sulastri :
3. Patih Purbaningrat : Marsin
4. Jineman Sondongmakeri :
5. Surakeri :
6. Prajurit :

POJOK BETENG DEMAK

7. Penangsang : Sitras Anjilin
8. Ronggo Methun :
9. Soreng Rana :
10. Soreng pati :
11. Soreng rangket :
12. Soreng Rangkut :
13. Soreng Kewuh :
14. Soreng Dandang :
15. Soreng Wulung :

ALAS KAPERWATAN

16. Karebet : Sumartin
17. Raden Hadiren : Triyana
18. Pemanahan :
19. Penjawi :
20. Pramoco :
21. Sunan Kalijaga : Sutrisna

KRATON DEMAK

22. Sultan Trenggana : Slamet Anggana
23. Patih Wanasalam :

TAMAN DEMAK

24. Repat :
25. Repat :
26. Ratu kalinyamat :

CRIOS SRIKANDI AJAR MANAH

Adegan 1 TAMAN MADUGANDA

Dewi wara srikandi lagi sinau carae manah marang raden arjuna, nanging ora dadi renane anggone sinau jemparing ana panggana sing nyalawadi tegese penggalihe dewi wara drupadi sebab papan sing tertutup, saingga dewi wara srikandi didukani dining dewi drupad, dewi srikandi mutung lan lunga saka taman maduwasana pengangkah muleh menyang negara pancalaradya.

ANTA WECANA:

Drupadi : He srikandi murangtata nerak marang kasusilan, jarene bakal sinau prekara kaprigelan jemparing nanging kok malah kaya mengkono tumindakmu.

Srikandi : kakangbok aja kesusu duka luputku apa kakangbok?

Drupadi : Ehla ora rumangsa ta srikandi, kandane sinau jemparing nyatane malah andan asmara marang pengeran arjuna iya ora?

Srikandi : Sing kanda sapa kakangbok? aku iki sinau jemparing tenan akeh seksine gelo akeh keparak sing ngacani aku.

Drupadi : Srikandi! Orasah kumbi orasah mukir nyatane angganmu sinau ana papan sing siningit tangeh yen ora duwe kekarepan sedeng.

Srikandi : kakangbok, angganku golek papan sing sepi kuwi supaya wening pikiranku saengga gampang anggonku nampa piwulang kakangbok.

Drupadi : Orasah kakean muwus diajeng, sing baku tumindake diajeng wara srikandi bakal gawe wirange punkakang.

Srikandi : Ya yen mengkono dina iki aku bakal muleh menyang pancala pamit kan gbak.

(Srikandi mulih menyang pancala. drupadi mulih ing patunggon)

Adekan 2 DALAN. Srikandi bakal muleh ing pancala katungka raden arjuna, srikandi di ariharih diajak mulih menyang madukara, ANTAWECANA.

Arjuna : Srikandi aja dadi atimu ayo mulih menyang madukara, dibacutake anggone gegladen olah jemparing,

Srikandi : Pengeran! Pengeran arjuna orasah ngarehareh aku, oraana

- gunanemeneh,
- Arjuna : Srikandi ajakaya mengkono aku tresna marang srikandi mula ayo mulih menyang madukara,
- Srikandi : kandane tresna marang srikandi nanging nyatane aku di dukani marang kakangbok wara drupadi pangeran arjuna ora mbelani aku, nanging malah nglungani.
- Arjuna : Srikandi aku ngrumangsani salah aku ora mbelani marang diajeng merga aku yen marang kakangbok wara drupadi aku pancen pekewuh diajeng.
- Srikandi : yawes, yengono aku gelem mulih menyang madukara janji ana wanita sing bisa ngalahake titise agonku ulah jemparing.
- Arjuna : yoh yen kaya mengkono penjalukmu tak turuti ayo mulih menyang madukara srikandi.
- (srikandi lan arjuna mulih menyang madukara)

Aseka 3 TAMAN MADUKARA.

PARAGA : Dewi wara Sembadra, Dewi larasati, lan para dayang.katungka arjuna srikandi lan para dayang.

ANTAWECANA :

Arjuna : Larasati, yamungkowe kang bisa nambal wirangku,iki wara srikandi gelem nerusake anggone gegladen olah jemparing nanging yen ana wanita sing bisa ngalahake anggone jemparing,mula tandingana larasati,

Larasati : iya pengeran tak tandingane,

Srikandi lan larasati pada mamerake kaprigelane anggane olah jemparing nanging srikandi kalah prigel lan titis marang larasati, srikandi rumangsa durung mumpuni ing olah jemparing, banjur saguh nerusake agone gegladen olah jemparing. TAMAT.

SANG TETUKA

Flas Back

Giling Wesi : Pracona gandrungan, suprobo ilang, kiprahan, Pracona memanggil Skipu.

Suluk NEM Srambahan.

TANDYA BALA PANDAWA

BYUK GUMULUNG MANGUNGSIR
RING SATA KURAWA O . . .
KONGKIH SRU KATITIH
MERUT KERUT PARA RATU O . . .

- Pracona : Hee . . . Hong titi hwang kolo lodra yo manik Raja Dewaku.
Sekipu . . .
- Sekipu : E . . e . . . e . Kula wonten dhawuh sinuwun nimbali abdi
paduka kulapatih Sekipu.
- Pracona : Linali tan bangkit lali lamun ginagas soyo ngranuhi,
Sekipu . . . Ojo dadi atimu, dino iki koe ndak utus munggah
ing khayangan Jonggring Saloka saperlu ngebun-ngebun
esuk udan-udan sore marang mantasan⁹ing widodari
kang nedya ndak dadekne jatu krama yoiku Dewi Supraba
Sekipu . . .
- Sekipu : We . . . lha dalah .
Sinuwun, mbok inggih sampun, titah ing madya pada
menika sampun dipasang-pasangaken anut kodratipun
sowang-sowang. Menawi Dewa angsal Dewi, bambang
angsal endang, menawi rasekso angsal raseksi.
- Pracona : We . . lha dalah . . . Aja mejang kowe buta gemblung,
anane aku kapingin nggarwa Supraba yo sabab aku mung
kepingin mbesuk lamun aku peputra mijil dadya titah
kang ora nggegirisi ndak aja bisa dadi panguasaning
Jagad Triloka,
- Sekipu : We . . lha dalah, jebul semanten anggen paduka badhe
memulyaaken bangsa raseksa. Menawi mekaten
kula nyuwun pamit, daya-daya enggal mrepegki ing
Khayangan Jonggring Saloka.
- Pracona : yo . yo . Sekipu, Lamun kongsi Dewi Supraba dikukuhi,
Surlaya sungsang bawana balik.

Jejer Jodhipati :

Pathetan Sendon penanggalan.

SIYANG PANTARA RATRI

AMUNG CIPTA PUKULUN O . . .

TAN OLYAN KANG KAEKSI

MILA KATUR INKGANG CUNDHAMANIK O . . .

RAMA DEWANINGSUN O . . .

- Wrkdra : Sak tekane mbarep kakangku, aku ngaturake pambagya palakrama.
- Pntdwa : Yo. yo. Seno, wus ndak tampa, puja pangestunepun kakang tampanana.
- Wrkdra : Hm . . . ndak tampa dadi jimat.
Jlitheng kakangku, basaku tampana.
- Kresna : Ya yayi Sena, wus ndak tampa mung pudya pangestunepun kakang tampanana rah daging kahywananing adi,
- Wrkdra : yo . . ndak tampa dadi jimat.
Bule kakangku basaku tampanana.
- Bladewa : E . . . lha dalah, adiku wong santosa Sena. Wus ndak tampa, ora liwat puja pangestuku tampanana ya Sena.
- Wrkdra : Yo . . . ndak tampa ndak pundi dadi jimat.
- Pntdwa : Yayi Bratasena, kawistingal tumlawunga sik'ing nawamu, pandulumu rasa suwung, kaya wang nggendong sewu sungkawa, apata kang mahanani senkaling pahanamu? Inggal sinuntako klawan pun kakang tetiga yayi.
- Bldwa : E . . lha dalah, yo yayi, sajak beda klawan padatan, si adi muhung kendelan kewala, mangka manut pinemune pun kakang, wong tua ngendi kang ora bombong atine lamun putrane wijil kakung. Kang tetelo bisa dadi taruna kang bakal ngukuhi bapa.
- Wrkdra : Hmm . . . Sapa kang kuat nandang lelakon kang kaya mangkene abote, lahiring jabang bayi jebul bareng klawan surketo kang bareng ragane. Tetuka tan bisa owal ari-arine dewe dene ibune saben dina mung nangis. Wa . . . lelakon apa iki?
- Kresna : Yayi sena, mung jalma pinilih kang nemu kaendahan saka sakehing kasusahan, tegese nadyan kaya apa abote panandang kang sinandang, mbesuk mesthi bakal ana pangrampungane yayi.
- Wrkdra : Hha . . yen kaya mangkene, kaya tan ana kawusanane lelakon kang ndak sandang iki !
- Kresna : Wis wis Sena, sirnakno tumlawunge rasamu. Yayi Janaka.
- Janaka : Kula wonten dhawuh kaka prabu.

Kresna : Siadi ndak utus sowan ing pretapan Sapto Argo nyuwun pituduh mring kanjeng eyang Abiyasa.

Janaka : Nuwun inggih ngestoaken dhawuh kaka prabu.

Janaka budhal Srepeg, wayang cabut mati.

Jejer Khayangan.

Pt. Nem Wantah

BERAMARA REH MANGUSWA AMUNG MBRENGENGENG

KADI KARUNANING KASWASIH O

NENG MARGO AMALATKUNG O . . .

RISANG GONDO WASTRATMOJO

LENG LENG LALU HANGULATI O . . .

B. Guru : Kakang panji Narada. Sami karaharjan rawuhipun kakang wonten ing Suralaya.

Narada : E . . . pregencong pak pak pong waru doyong tinegor uwong. Non inggih Adi Guru, sowan kula wonten ing ngarsanipun sang hyang pramesthi Guru, mboten kirang sawiji munapa namung kewala nitik sureme wadana kawistingal kumlawunge sik'ing wana, punapa ingkang muhanani sebgekeling penggalih paduka, kula chumadong dhawuh.

B. Guru : Nuwun inggih kakang, tetelo ingkang muhanani sungkawa tyasing ulun mboten sanes inggih amung perkawis ingkang namani ing khayangan samangke inggih awit pamuthahipun prabu Kala Pracona saka ing Giling wesi, ingkang ngayonaken mantasani widodri Dewi Supraba. Duh kakang . . Tuwuh rasa ingkang eman-eman, ing saatase widodari jinatu krama dening yaksa. Wekasan tinampik panglamaripun, lan samangke sami amyuk punggung wonten ing prepat kepanasan, arso jonkeng kawibawan ulun.

Narada : E . . lha dalah. Pregencong pak pak pong waru doyong tinegor uwong. Nuwun inggih Adi Guru, menawi perkawis punika saestunipun kula sampun mireng. Jan-janipun menika yen titah pada nglenggana ing kodratipun dewe-dewe, kula kinten jagad punika badhe kasil anggenipun memayu hayuning bawana. Nanging

emanipun . . . adakan manungsa menika dereng cekap kalia peparingipun, umpaminipun sampun pinaringan bandha ingkang tumpuk undung, parandene yo durung cukup, parandene pinaringan bojo ayu bekti mring kakung parandene yo tetep golek meneh. Lha menika naminipun manungsa ingkang kaprawasa daning napsunipun piyambak. Mangke menawi sampun kapengkoke panca baya wekasanipun pontang panting poyang payingan.

B. Guru : Nuwun inggih kakang. Satuhu saglugut mboten luput. Pangandikanipun kakang Narada, duh kakang, lelampahan punika kados pundi kerampunganipun ?

Narada : E . . Nuwun inggih Adi Guru, keparenga lerem sawetawis, kula mireng pawartos bilih Dewi Arimbi garwanipun panenggak Pandawa pun Bratasena sampun babaran mijil mkakung, emanipun jabang bayi ingkang katemben kala wau tetela dereng saget pisah dening ari-arinipun ingkang madal salwiring braja lungit. Menawi panyawang kula, putranipun Bratasena menika kasinungan ngelmu ingkang piningit. Mila menika adi guru menawi wonten palimarmo Adi Guru keparenga nedhak'aken pusaka kadewatan minangka sarana luaripun sukerta ingkang sinandang dening jabang bayi punika.

B. Guru : Lajeng kados pundi kakang ?

Narada : Mangke menawi sampun, jabang Tetuka badhe kagmbleng dening empuning jawata inngig empu Yama Yadi wonten ing kawah Candradimuka ing pangangkah. Sak sampunipun kagembleng badhe mijil satria ingkang sumbaga wiratama. Tan tedas tapak paluninga apandhe tinatah mendat jinara menter wekasan saget minangka jagone khayangan ngrabasa pangamukipun Prabu Kala Pracona.

B. Guru : Menawi mekaten kakang, ulun nedya nurunaken nugraha wujudipun pusaka Kyai Kunta Wijayadanu, sageta minangka srana luare sinandang dening jabang bayi tetuka, kasuwun kakang Narada kersoa tedak wonten ing madya pada maringaken pusaka menika dhumatemh Janaka.

- Narada : Nuwun inggih Adi Guru, kula ngestoaken dhawuh.
 B. Guru : Endra . . .
 B. Endra : Kula wonten dhawuh .
 B. Guru : Kaya wis purna pangandika ulun bubarno kang pada
 seba, hayua kongsi kabalabak tyasing sungkawa.

Sekipu cs. Suwuk gropak
 ada-ada srambahan.

TANDYA BALA PANDAWA
 BYUK GUMULUNG MANGUNGSIR
 RING SATA KURAWA
 KAMBAH KONGKIH SRU KATITIH
 MERUT KERUT PARA RATU O . . .

- Sekipu : E . . lha dalah. Kabeh wadya balaku saka Gling Wesi.
 Sapdolgo : Kawula wonten dhawuh.
 Dndamustka : Kula wonten dhawuh.
 Satmata : kula nok-noknon wonten dhawuh.
 Sekipu : Kawruhana kabeh, yen ta sisip sembir luput katurangane
 panglamare Ratu gustimu bakal tinampik. Katitik tinutup
 lawang selamatangkep, malah para Dewa sajake karenan
 penggalihe.
 Dndamustka : E . . lha dalah. Gusti patih, sampun dados kasedyaning
 manah kula bilih menawi gagal anggen kula mboyong
 Dewi Spuraba luwung mati madyaning ranenggana.
 Satmata : Mekaten ugi kula, menawi gagal anggen kula makaryo
 luwung mati dadi ndok pangamun-amun.
 Sekipu : bagus . . Lamun puguh tekadmu, lamun kaya mangkana
 enggal sametakno siyaganing wadyo bala. Lamun bisa
 dijuluk kanthi alus singkirna dumadining paprangan.
 Nanging lamun para Dewa beguguk makutho waton
 byuk'ono bathang sayuto.
 Sapdolgo : Nuwun inggih, prastawa pangandikanipun kanjeng patih
 keparenga bidhal dinten samangke.

Gagalan
 RIDHU MANGAWUR AWUR WURAHAN
 TENGARANING AJURIT
 GUNG MAGURU GANGSA O . . .

- Sekipu : Mboten pangling Bathara Indra. Wonten wigatos munapa pukulun mrepegi kula wonten prepat kepanasan ?
- B. Endra : he . Sekipu. Kudune sing takon kaya mangkono iku ulun. Ana wigati apa dene jeneng kito ngobrak-abrik prepat kepanasan ?
- Sekipu : Nuwun inggih pukulun. Kula namung kepingin mboyong Dewi Supraba wonten Negari Giling Wesi.
- B. Endra : Sekipu . . . wurung tan wurunga Dewi Supraba ora bakal di ulungake marang jeneng kito. Sabab iku kang dadi kersane pukulun B. Guru.
- Sekipu : Mboten pukulun. Kula kedah mboyong Dewi Supraba. Menawi mboten di keparengake kula badhe nedho paripeksa.
- B. Endra : yen kaya mangkono kang dadi penjalukmu ayp ndak ladeni apa kang dadi kekeapanmu.

Perang Dewa VS Sekipu cs, Dewa mundur

Pathet 9 wantah

SANG SAYA DALU HARARAS ABYOR LINTANG KANG KUMEDAP
 TITI SONYA TENGAH WENGI
 LUMRANG GANDANE PUSPITO
 KARENGYANING PUDYANIRA O . . .
 SANG DWIJO WARA HAMBRENGENG
 LIR SWARANING MADU BRANGTO
 MANUNGSUNG SARINING KEMBANG

Pocapan

Lah ing kono to wau rame genyo andon yudo datan kadi ingkang onten tepine wono mandolosoro, sang suyo atmojo ingkang nedheng atopo broto pindo panjang.....

Jantaran : semedi maladi hening nyirep kang panca driyo nutupi babahan howo songo nenggih satrio ing petho pralayo raden suryatmojo, ing batin muhung meminto seh ing jawoto linuhung mantheng ing semedi mahanani koyo wus antuk palimar maning sang hyang widi manjing alame jati kumlawung. Kocap minongko tanda yekti lamun tinompo semedine kadadak praptane sang hyang kaneko putro gupuh gupuh genyo mapakaken ngunandiko aglis

sepet madu pinastiko.

Pathet 9 jugag

Narada : e.....lha dalah pregenjong pakpakpong waru doyong
tinegor uwong, iki sek tak goleki e.....pregejong pregenjong,
permadi jugar permadi!

Sy putro : duh pukulun, sak rawuhipun pukulun kaneko putro kulo
ngaturaken sembah sungkem pangabekti mugè konjuk
sahandaping pepada paduko pukulun bathara narada

Narada : yo...iyo ngger, ndak tampa ndak tampa,saiki rada lanyap,
ya....ya.... permadi kawruhono anane ulun mrepeki jeneng
kito ing kene ya sabab u;lun di utus sang hyang bathara
guru kinen maringake nugrahaning jawoto tumprap
jeneng kito.wis-wis ranggal tampanana pusaka kadewatan
ky kunto wijaya ndanu. Mugo-mugo bisa dadi srana
luaring panandang kang sinandang dening tetuko

Sy putro : Nuwun inggih Pukulun, kula ngaturaken sewu gunging
panuwun.

Narada : Iya....iya...ngger! Wis Ulun nedya Makayangan

Narada bertemu Premadi

Ada-ada 9 Jugag

TAN SAMAR PAMORING SUKMA

SINUKMAYA WINAHYO ING ASEPI

SINIMPEN TELENGING KALBU

Narada : Lho Permadi iki!?

Permadi : Nuwun inggih Pukulun, kulo ngaturaken pangabekti
mugè konjuk

Narada : E.....Lha dalah, lha kok maneh wis-wis enggal bali ing
Amarto mugè Ky Kunto Wijaya Ndanu bisa dadi srana.

Permadi : Ky Kunto Wijaya Ndanu ingkang pundi Pukulun

Narada : Lho lha kae mau. Waduh-waduh kapusan ulun, dadi kae
mau sapa Permadi? Enggal tututana maling aguna kae
mau Permadi.

Permadi vs surya putra

Ada-ada 9 jugag

Permadi : ndak jaluk ky kunto wijaya ndanu

- Sy putra : e...lha dalah, sing pinaringan pusaka iki ya muhung si surya putra koe siapa?
- Permadi : panengah pandawa raden permadi, ayo ora usah kakean ginem kang tanpa guna, enggal ulungna ky kunta wijaya ndanu
- Sy putra : sembada bisa nggowo ky kunta wijaya ndanu, lamun aku wis dadi bangkai

Srepeg

Ada-ada tlutur 9

- Narada : e...lha dalah ana apa permadi?
- Permadi : duh pukulun destun timen, kulo mboten kasil anggen kulo nyuwun wangsulipun ky kunta wijaya ndanu
- Narada : e...lha dalah, ora dadi ngopo bawane pusakaning dewata nadyan mung rangka nanging isih banget katyasane. Ayo enggal mangkat ana ing ngamarta, sisan gawe nggon ulun bakal ngampil si jabang tetuko

Manyuro

Pathet malik manyuro

Janturan

Basanta katawahing himo kawistingal kamantan hujwalane, ketawahing himando hangendanu labet kaperbawan sungkawane driyo dewi arimbi kawistingal kumlawunge sik'ing nala. Labet penggalih ponang jabang bayikang katemben mijil ingkang nandang sukerto ingkang madal salwiring brajalungit tumbuh-tumbuh sotaning galih tumengoa sepa tumengkul mung sepi. Kocap kadadak praptaning sang hyang narada kinantenan satria ing madukoro. Koyo wanci pangron kapapaking obor sewu, dupi mulat jawata kang nedyo asong pepadang.

Pathet manyuro jugag

- Arimbi : sak rawuhipun pukulun sang hyang narada, kulo ngaturaken pambagyo palakrama mugi konjuk sahandaping pepada
- Narada : e.....iya.....iya arimbi, ora liwat pudya pangastawa ulun tampanana
- Arimbi : kulo tampi asta kekalih kapundhi mugi dadosa jimat
- Bm seno : wa.....sak rawuhe kakek narada dewaku, basaku tampanana
- Narada : e.....iya.....iya sena ndak tampa, mung pudya pangastawa

- ulun tumuli tampanana
- Kresna : sak rawuhipun sang hyang bathara narada, kulo ngaturaken pangabekti mug i konjuk
- Narada : e.....iya.....iya kresna, ndak tampa . pangestuku tampanana
- Kresna : nuwun inggih, kulo pundi dadosa jimat
- Narada : arimbi, baya dadi atimu dene praptaku ana kene tanpa cecala luwih disik, yo sebab ulun di utus dening sang hyang bathara guru kinen ngampil anakmu si tetuko kang bakal kagembleng minangka jagone dewa
- Bm seno : wa.....nalar'e kepiye? Bocah umur selapan dina kok dadi jagone dewa
- Narada : o..... ojo sumelang ojo sumelang. Kabeh wis kapurba dening jawata linuhung, nadyan ta isih wujud jabang bayi, ulun percayalamun putramu iki kasinungan ngelmu kang piningit
- Arimbi : duh pukulun..... lampahan punapa malih menika? Munapa saget ing saatase jabang tetuko dereng pisah kaleh ari-aripun, badhe kagembleng ninangka jagone dewa?
- Narada : e.....permadi, janaka tamakno selongsonge ky kuntho wijaya ndanu, dimen padang kang sinandang

Sampak

Pocapan

Kocap kaya ana kaelokaning jagad dupi wus pedot pusering jabang bayi, kadadak sirna kang ponang pusaka manjing mring pusering jabang bayi

Sampak

Kresna : yayi..... kaya wus dadi kodrating lamun besuk apesing si tetuko dumunung ana satane kang darbeni ky kuntho wijaya ndanu, mugo dadi pengiling eling yayi....

Sampak suwuk

Narada : dumawahing wanci wus nekani dina iki jabang tetuko bakal ndak ampil minangka jagone dewalilakno wenfrgf panarima jabang tetuko dadi jagone dewa

Adegan kawah

Narada memasukan Jabang Tetuko ke kawah Candradimuka kemudian para dewa memasukan senjata

Sekipu Bertemu Jabang Tetuka
Sampak suwuk

- Sekipu : siapa iki?
Tetuka : Tetuka minangka jagone para Dewa .
Sekipu : We . . la dalah, bayi lagi lahir kox didadekne jadone Para
dewa. Apa Dewa wus kentekan jago ?
Tetuka : Ora usah kakean ginem kang tanpa guna. Yen isih kepingin
urip minggata saka Khayangan .
Sekipu : We . . la dalah, sugih kendel banda wani, Klakon dadi rica-
rica kowe.

**Sekipu mati, tetuka Bertemu Kala Pracona Tetuka Melawan Pracona,
Pracona mati.**

THE END

SANGGAR SENI TRADISI SEBAGAI WAHANA PEWARISAN BUDAYA LOKAL

PADEPOKAN TJIPTA BOEDAJA TUTUP NGISOR KECAMATAN DUKUN
KABUPATEN MAGELANG

Padepokan *Tjipta Boedaja* di Dusun Tutup Ngisor merupakan salah satu oase masyarakat untuk mempelajari kesenian tradisional. Sebagai sebuah lembaga kesenian tradisional, tidak mudah menjaga keberlangsungan lembaga di tengah terpaan berbagai macam faktor dari luar maupun rongrongan berbagai faktor dari dalam. *Tjipta Boedaja* nyatanya berhasil meminimalisir berbagai macam faktor itu berbekal nilai-nilai yang dipegang teguh serta inovasi yang dilakukan oleh penerusnya.

Tulisan yang disusun dari data primer maupun sekunder ini bertujuan untuk mendeskripsikan 'kekuatan-kekuatan' Padepokan *Tjipta Boedaja* sebagai sebuah lembaga kesenian tradisional. Deskripsi-deskripsi dalam tulisan ini mencoba meneropong nilai-nilai yang terkandung dalam aspek-aspek kelembagaan, pendanaan, mekanisme keanggotaan, model transmisi nilai, jejaring, inovasi dan pengembangan, dan pementasan.

Adapun hasil dari penelitian ini menunjukkan bahwa faktor historis cukup berpengaruh terhadap kuatnya eksistensi padepokan. Secara kelembagaan, Padepokan *Tjipta Boedaja* memiliki kekuatan dalam hal pengaturan dan pengelolaan pendanaan, mekanisme keanggotaan, kejelasan model transmisi nilai, jejaring, inovasi dan pengembangan, dan pementasan. Selanjutnya, penelitian ini menunjukkan ritualisasi dalam praktik berkesenian di Padepokan *Tjipta Boedaja* dan Dusun Tutup Ngisor merupakan sebuah proses penguatan akar-akar kekuasaan kultural dan sosial.

Perpustakaan
Jenderal



ISBN 602-17271-1-8



9 786021 727119